

KEMBANG SETAMAN.



LAJANG·WATJAN·KANGGO
PAMOELANGAN·DJAWA·ING
PANGKAT·TELOE·SAPANDOE-
WOER·KAANGGIT·DĒNING
TOEWANA·C·DEENIK
LAN A·VAN·DIJCK
KADJAWAQAKĒ·DĒNING
RADĒN·SASRASOEGONDA



TJAP-TJAPAN
EPING PINDOS



SING·NGISĒNI·GAMBAR·TOEWAN
W·K·deBRUIN-J·J·LARY
C·JETSES·LAN·ANA·MANEH

C.J.

Br P 03-117

23-2-29

23-2-29

Verstrekt door het Depot van Leermiddelen

In gebruik genomen

Afgekeurd

KEMBANG SETAMAN

LAJANG WATJAN KANGGO PAMOELANGAN DJAWA
ING PANGKAT TELOE SAPANDOEWOER

KAANGGIT DÉNING TOEWAN

A. C. DEENIK LAN A. VAN DIJCK

KADJAWAKAKÉ DÉNING

RADEN SASRASOEGONDA

SING NGISÈNI GAMBAR SUZON BEYNON, J. J. LARY,
C. JETSES, SOEDARSONO LAN ANA MANÈH

TJAP-TJAPAN PING PINDO

2^e dr.

DJILIDAN ANGKA II



KAETJAP ING PANGETJAPAN

J. B. WOLTERS' U. M., ING GRONINGEN, DEN HAAG, WELTEVREDEN, 1927

Gang Scott 5

PANGETJAPAN J. B. WOLTERS

1. Wong désa kang boesoek.


Ana wong désa boesoek banget, doewé anak lanang aran si Begog. Wong maoe bandjoer karan anak Pak Begog.

Si Begog bareng wis oewong, dadi djoeroe toelis toko ana ing Soerabaja. Bajaré ja rada akèh terkadang sok kekirim marang bapakné oetawa embokné. Adinéné ja sok dikirim dolanan oetawa mertjon, jèn mbeneri ngarepaké grebeg. Wong saomah pada boengah kabèh. Noedjoe sawidji dina loerahé Begog kanda jèn arep ramé-ramé. Begog rada bingoeng, sabab klambiné sing betjik isih kari ana ngomah. Sing digawa ora pati apik. Ija bener ireng, nanging gagrag lawas; koerang bregasé. Arep kirim lajang, dikon ngirimaké, wis keslepek; sabab olèhé arep ramé-ramé wis tjedak banget. Tekané ing Soerabaja mesti wis kasèp, wis lebar gawé. Bandjoer metoe akalé: kirim lajang kawat menjang bapakné: klambiné sing anjar didjaloek, dikon énggal ngirimaké; sing lawas arep dikirimake moelih.

Pak Begog mbeneri loenggoeh ana ngèmpèr ngarep. Barang ana oepas kantor pos teka noenggang sepèda, pak Begog kagèt. Oepas ngoeloengaké lajang kawat karo dloewang selemba, dikon nèken; dianggo tanda, jèn lajangé wis ditampani. Lajangé bandjoer diboekak, dioenèkaké. Ora ngerti, kok saka Soerabaja bisa tekan kono moeng sedéla mengkono. Oepasé kanda: „Nikoe

rak metoe kawat sing oeroet pinggir dalan nikoe;
moelané rikat. Sing nggawa kabar nggih kawat
nikoe.”

Nalika semana wis soré; pak Begog bandjoer mleboe



menjang djero omah, kanda bodjoné. Petiné anaké
bandjoer didoedah, digolèki klambiné poetih sing anjar.
Bareng wis ketemoe, pak Begog bandjoer tjlaṭoe

marang bodjoné: „Iki betjik ndang dikirimaké waé, sabab kana ngarep-arep. Moerih énggalé teka, tak sampirné njang kawat ndalan kana waé, ja mbokné; dadi soré iki bisa teka kana.” Klambiné bandjoer digawa menjang ratan, disampiraké ana ing kawat tlégrap; olèhé njampiraké nganggo gantar. Sarèhné adem, dadi pak Begog bandjoer moelih baé, ora ngentèni mangkaté si klambi. Bareng wis tekan ing djero ngomah, bandjoer omong-omongan sedéla karo bodjoné, ngandakaké rikaté télégram; karo ngrasani anaké, méndah boengahé jèn tanpa klambiné.

Bareng wis bengi, ana wong onglang-angling tiwat ngarepané pak Begog; weroeh ana klambi semampir ana ing kawat tlégrap, bandjoer dipènèk noeroet tjagaké; klambiné bandjoer disendal. Bareng diiling-ilingi, digrajangi, ketara jèn isih betjik banget. Bandjoer tjoetjoel klambi; klambiné olèhé ndjoepoek maoe dianggo, kepénak, bisa sreg. Sarèhné klambiné déwé wis bawoek banget, bandjoer ora dianggo manèh, dioentjalaké menjang kawat. Dilalah kok bisa semampir. Wong maoe bandjoer loenga.

Esoeké pak Begog niliki menjang ratan, bok menawa anaké kirim wangsoelan. Bareng njawang kawat tlégrap, weroeh ana klambi sédjé semampir. Énggal-énggal moelih ndjoepoek gèntèr; klambiné disènggèt, karo ngoendang-oendang bodjoné: „mBokné; iki lo, klambiné anakmoe sing lawas wis dikirimaké mréné; ta énggal mrénéa! Anakmoe klambiné kok djeboel wis kaja ngéné! Ah, memelas banget anané! Ta delengen ki lo, wis akèh sing bolong. Olèhé toekoe dèk kapan iki. Dèk moelih anjar iki pengrasakoe kok doeroeng doewé klambi ngéné iki!”

2. Poelo kang koemambang.



Poelo Noesa-Kambangan.

Pesisiré kidoel poelo Noesa-Kambangan ikoe adapoer parang tjoeri, nanging sing sanding karo Segara-anakan, pesisiré endèk, kebak tetoekoelan, pale-mahané loh.

Bijèn ing poelo kono ana désané sawetara, sabab palemahané kaleboe eloh. Karo manèh alasé akèh kekajoné sing kajoené betjik-betjik. Wongé dèk semana wetara ana 1500; nanging sarèhné poelo ikoe preloe digawé ndjaga Tjilatjap, dadi wongé pada dikon ngalih menjang tanah Djawa. Ing poelo maoe digawèkaké bètèng ngadepaké Tjilatjap, kanggo ndjaga negara ikoe, jèn ana moengsoeh teka. Saiki sing manggon ing Noesa-Kambangan moeng wong Atjèh boe-



wangan baé, pada njamboet gawé ana ing kebon karèt, nganggo didjaga kentjeng banget.

Ing kono ana lentéra laoet, soroté nganti pirang-pirang pal dohé, dadi antjer-antjering praoe kang pada lelajaran, bisaa ngener plaboehan Tjilatjap. Jèn ana ing plaboehan kono, praoe ora katempoeh ing angin gedé. Pada-pada plaboehaning pesisir kidoel, plaboehan Tjilatjap ikoe betjik déwé.

Sanding lentéra laoet maoe ana teloké aran telok

Karang-Bandoeng. Ing kono ana poeloné tjoeri sawetara, ketoekeolan ing wit Widjaja-Koesoema. Kembangé diadji-adji banget; roepané poetih. Wis wiwit koena-koemoena, saben-saben Sinoewoen ing Soerakarta oetoesan mrono metik kembang Widjaja-Koesoema. Jèn wis olèh, bandjoer diwadahi ing kendaga nganggo dipajoengi gilap, kaoendjoekaké marang Sinoewoen



Wit kembang Widjaja-Koesoema.

kang lagi mentas djoemeneng. Dèk djaman koenané akèh para ratoe ing tanah Djawa kéné kang oetoesan mengkono ikoe, nanging saiki moeng Sinoewoen Soerakarta déwé kang isih nglestarèkaké. Kangdjeng Sinoewoen Pakoe-Boewana kang kaping X ija oetoesan wong 60 mlakoe darat, menjang Tjilatjap, preloe metik kembang Widjaja-Koesoema ikoe.

Ing saloré poelo Noesa-Kambangan ikoe ana segarané tjilik aran Segara-anakan. Ing satengahing Segara-anakan kono ana padésané. Déné omahé oewong-



oewong, jèn ta adjaa ana banjoené, adapoer panggoeng. Dadi senadjan segara rob, banjoe ora bisa moenggah tekan ing sadjroning omah. Wong-wong maoe pagawé-

ané amèk iwak; olèhé seneng manggon ana saḍoewoering banjoe ikoe, mbok menawa mélik tjedak karo panggonané olèhé nggaota golèk pangan. Olèh-olèhané iwak dioejahi lan diepé, didadèkaké gèsèk, diedol menjang Tjilatjap. Apa preloené dioejahi koewi? Preloené karebèn ora bosok; ija apa ora?

Karo manèh wong-wong maoe ija golèk simping. Sipping ikoe bangsaning kidjing oetawa tirem; ija kena dipangan kaja tirem. Terkadang sadjroning tjangkoké ana moetijarané tjilik-tjilik.

Saka tjritané wong Djawa ing djaman bijèn, poelo Noesa-Kambangan ikoe maoené koemambang alèmbak-lèmbak. Jèn ketradjang ing angin saka lor, katoet mengidoel. Bareng ana ing tengah segara, ketempoeh ing aloen saka kiwa tengen bandjoer petjah-petjah. Jèn katradjang angin saka kidoel bandjoer mengalor, natab pasisiring tanah Djawa, agodag-gadoeg, agawé djoegroegé pesisir maoe.

Anoedjoe sawidjining dina ana pendita arep manggon ana ing poelo kono. Nanging sarèhné poelo maoe tansah gondjing baé, dadi ora bisa ngedegaké omah. Poelo ikoe bandjoer ditjentjang nganggo pendjalin olèh tanah Djawa. Nganti sepréné iki poelo maoe ora ngalih-ngalih manèh. Déné pendita maoe djaréné wong-wong, koeboéré ana ing goewa, aran mesdjid Séla (Limoès boentoe).

3. Oerip sadjroning banjoe.

Ing wajah ésoek mbeneri dina Ngahad si Soedji loenga mantjing karo kakangné. Enggoné pada mantjing ana ing kedjoeng kang misoewoer akèh iwaké. Moelané sedéla baé kepisé wis pada kebak. Toemoeli pada boengah-boengah bali moelih. Kedjaba roemangsa begdja olèhé mantjing olèh akèh, ija boengah, déné mengko jèn mangan bakal nganggo lawoeh iwak. Toer iwaké enggoné mantjing déwé. Moelané sing pada dipikir ora ana manèh kedjaba moeng iwak olèh-olèhané mantjing. Si Soedji takon menjang kakangné. Tjelaŕoené: „Kang! Iwak koewi ana ing banjoe kok ora keplepeken! Jèn menoengsa ana ing djero banjoe rak ora betah soewé. Koewi keprijé sababé?”

Wangsoelané kakangné: „Ikoe gampang waé. Mara roengokna, dakkandani. Wong ikoe pada ndoewèni keboek. Ikoe sing dianggo ambekan; déné iwak, pirantiné ambekan doedoe keboek, angsang. Mengko, daktoedoehi! Delengen, iki lo angsangé, ana ing samboerining endas iki. Angsangé ikoe gawéné dienggo njerot hawa saka ing banjoe.”



Angsang.

Si Soedji tjelaŕoe manèh: „Elo! njerot hawa kok saka ing banjoe? Apa ing banjoe ikoe ana hawané?” Wangsoelané kakangné: „Ana; ing banjoe ikoe ija ana hawané.

Mengko jèn si embok nggodog wédang, kowé daktoedoehi. Jèn iwak ikoe ana ing sadjroning banjoe, tjangkemé diangpaké, toemoeli keleston banjoe. Ana-

nging banjoe ikoe bandjoer metoe ing sela-selaning angsang; hawané diserot. Samangsa iwak ikoe doe-moenoeneng ana ing daratan, angsangé bandjoer garing, iwaké mati."

Ora antara soewé lakoené tekan ing omah, kepisé bandjoer disoentak. Sidji-loro isih ana sing pating klèpèk sarta kogèl-kogèl. Tjelaṭoené kakangné: „Ija, pada kogèl-kogèla! Mangsa ndadak bisaa mlajoea ora. Sedéla engkas kowé digoréng. Delengen Dji, kaja mengkono ikoe enggoné molahaké boentoeté, jèn pinoedjoe nglangi. Dadi kaja déné wong molahaké tangan lan sikilé. Boentoet ikoe gawéné kaja déné dajoeng. Malah ana iwak sing rosa banget, bisa nggolingaké praoe tjilik-tjilikan, disabet nganggo boentoeté."


Si Soedji sawisé dikandani mengkono, senengé marang iwak moendak. Maoené doeroeng taoe ngiling-ilingi iwak kang kaja mengkono genahé. Éwadéné isih doeroeng marem. Enggoné ngiling-ilingi isih dibandjoeraké. Kepéngin weroeh doenoengé kabèh. Iwaké toemoeli arep diresiki marang embokné, sabab arep diolah, digawé lawoeh mangan awan. Sisiké pada dikeroki, bandjoer dibètèti. Patrapé wis kaja wong mbelèh sapi kaé. Woedjoedé moela pantjèn nggigoni. Nanging kakangné ngandani, jèn satemené ora pisan-



Iwak tjoetjoet lan iwak malim loro.

Ing sawetara segara ana iwak tjilik tansah marek iwak tjoetjoet, presasat dadi malimé.

pisan nggigoni; temboengé: „Koewi rak barang loemrah. Akoe-kowé ija pada doewé; ikoe ora lija moeng djeroan: wadoek, oesoes, ati lan getih setitik.” Kakangné tjelaŕoe manèh: „Delengen, iki endogé. Dadi iwak iki lagi arep ngendog. Delengen kèhé! Éwon! Saoepama isiha oerip, mesti bandjoer ngendog ana ing dasaring kali.” Soedji soemamboeng: „Saoepama saben endog sidji dadi iwak sidji, kaliné mesti bandjoer kebak



Iwak disigar oeroet gigiré.

iwak.” Wangsoelané kakangné: „Bener kandamoe ikoe, jèn endogé pada slameta kabèh. Ananging tibané ora mengkono. Sabab endog iwak ikoe akèh kang pada dipangani ing iwak lijané oetawa ing kodok. Mengkono oega iwak kang isih tjilik-tjilik ija akèh kang pada dipangani. Dadi oerip ana ing banjoe ikoe ija ora mesti seneng.” Tekan semono enggoné pada goeneman bab iwak, toemoeli kandeg.

Botjah loro maoe noeli pada dolanan ana ing djaba; bijoengé ngolah iwaké ana ing pawon.



4. Iwak wéndra.


Ing segara sakoebengé tanah Djawa iki akèh iwaké roepa-roepa, dapoeré ija gèsèh-gèsèh. Ana sing gilig dawa, ana sing gèpèng, ana sing tipis, kaja ta iwak wéndra oetawa iwak léndra, iwak lajoer, teri lan sapanoenggalané.

Iwak wéndra ikoe, jèn isih tjilik, ija kaja iwak lija-lijané. Awaké sing sisih kiwa karo sisih tengen roepané pada baé. Matané loro: ing sisih kiwa sidji, ing sisih tengen sidji. Jèn nglangi ija loemrah kaja iwak lija-lijané.

Jèn moendak gedé, bandjoer gèpèng atipis. Senengané ngglétak ana ing sadasaring banjoe. Awaké sing kiwa ana ing ngisor. Dadi matané sing kiwa ora kena dianggo ndedeleng, sabab kependem ing wedèn. Ikoe bandjoer mingsed-mingsed moenggah, njedaki mata sidjiné. Karo manèh sisiké sing sisih kiwa roepané bandjoer malih bawoek. Matané kiwa lawas-lawas bandjoer djèdjèr ana sandingé mata tengen. Dadi mata loro, sing sidji manggon ing sisih tengen, sidjiné ana ing ngarep, ing doewoer endas. Karo manèh awaké sing sisih tengen roepané ija malih dadi kaja lemah: abang semoe ireng oetawa klawoe; ana plenik-pleniké boender koening oetawa abang, plek kaja roepané wedi oetawa krikil kang mblasah ana ing wedèn. Ana ing wedèn ikoe siripé ing geger sarta ing weteng lan kèpèté, dianggo ngedoeki wedi; bandjoer mendem; sing ora kependem moeng sawetara. Preloené karebèn adja katon marang iwak sing gedé-gedé; sabab koewatir bokmenawa dioental; sarta manèh adja nganti kawroehan iwak-iwak tjilik sing arep ditjaplok, sabab

panganané iwak tjilik-tjilik. Sarèhné nglangi ora pati pinter, pangan sing disenengi banget moeng kéwan-kéwan kang ana tjangkoké lan bangsa tjatjing; ikoe gampang tjekel-tjekelané ana ing sadasaring banjoe.

Pengrasakoe saiki wis genah banget, apa sababé déné awaké sing sisih kiwa mèh ora ana dagingé. Dagingé ngloempoek ana ing sisih tengen.



Éwa déné kèh-kèhé oewong ana sing doewé pengira sing nganèh-anèhi, jaikoe wong kang ora weroeh marang oeripé iwak wéndra maoe. Kandané, moelané iwak wéndra dadi lemoe sisih mengkono, sabab kasektèné Panembahan Sénapati ing Mataram kang soemaré ing Pasar-Gedé ing Ngajogjakarta. Mengkéné tjritané.

Anoedjoe sawidjining dina Sang Panembahan dahar, lawoehé panggang pitik woetoehan karo iwak lélé, karo iwak wéndra; karo ana manèh. Adoené tjokak

karo lombok karo ana lijané manéh. Olah-olahan mengkono ikoe djenengé „oerip-oerip”. Bareng wiwit dahar, sing ditjoewil disik broetoené pitik; moeli moendoet dagingé iwak lélé, noeli dagingé iwak wéndra sesisih; kraos énak banget, sabab panoedjoe loewé, mentas njamboet damel. Noeli moendoet priksa marang garwané: „Iki kok énak temen; djenengé diolah apa iki?” Garwané matoer: „Menika dipoenoeerip-oerip!” Sang Panembahan ngandika manéh: „Keprijé? Dioerip-oerip?”

Saking sektiné sang Panembahan, pitik karo iwak lélé lan iwak wéndra kena sabdané sang Panembahan, bandjoer oerip pada sanalika. Pitiké kekablak bandjoer ndjroentoel metoe. Iwak lélé, iwak wéndra pating klèpèk ana ing wadiah. Iwaké lélé bandjoer ndikakaké njemploengaké ana ing bloembang kalangenané. Iwaké wéndra ndikakaké njemploengaké menjang segara. Nganti sepréné ing bloembang ing pesaréan Pasar-Gedé isih ana iwak lélé sing moeng eri tok-tok baé, ora ana dagingé, nglangi slira-sliri ana ing bloembang. Déné iwaké wéndra, ing segara sakoebengé tanah Djawa isih akèh; ija kerep didjoepoeki oewong. Pitiké dadi pitik boekoeng, nak-koemanak, ing ngendi-endi ana.

5. Wit djati.

Pantjasemita maoené mlarat. Omahé ora pati apik. Pajoné ija gendèng, nanging baloengané moeng kajoe taoen baé. Bareng wis dadi mandor, bisa ngloempokaké doewit. Omahé wis katon rosok; gedègé pating tjromplong, dipangani rajap. Jèn dideleng saka ing djaba, roepané ja kaja isih betjik, nanging jèn dileboni, bandjoer ketara, jèn omah wis toewa. Sakané lan blandar pangereté, pating krèwèk, pating tjroempleng. Ana sing dipangan rajap, ana sing dielèngi kombang. Jèn ana angin rada gedé, oetawa oedan deres, wis ngoewatiri, mbok menawa ambroek. Maoené ja diréka-réka, moerih adja kebandjoer-bandjoer, nanging rajapé ndadra baé, sabab kajoe taoen ikoe pantjèn dadi dojanané rajap. Klombang ija seneng ngelèng ana ing kono. Sarèhné saiki wis doewé doewit, dadi nedja disalini kajoe djati, sabab rajap ora dojan marang kajoe djati. Kombang ija ora wani, sabab atos.

Anoedjoe sawidjining dina si Pantjasemita menjang balokan arep toekoe kajoe djati. Généja kok ora menjang alas baé, wong omahé si Pantja ikoe sanding alas? Jèn menjang alas rak ora soesah toekoe, moeng negori baé, bat-bet. Mangka jèn toekoe menjang balokan, 1 M³ regané sakiwa-tengené / 60,—. Ija bener dèk djaman kedjawan alas ikoe kaseboet ora ana sing ndoewèni, sing doewé wong akèh, djaréné; nanging saiki disengker marang Kangdjeng Goepermèn. Wong-wong ora kena negor kajoe djati sakarep-karepé kaja dèk djaman bijèn. Jèn njoewoen idi, ija sok dililani. Jèn

doeroeng olèh idi, mangka wani-wani negor wit djati, mesti ditjekel ing poelisi. Enggoné mengkono ikoe perloe roemeksa marang kajoe djati. Bijèn wong negeri sakarep-karepé déwé, ora nganggo ngèngèh-ngèngèh,



toer ora gelem njoelami. La jèn moeng ditegori baé, ora nganggo disoelami, lawas-lawas kajoe djati rak entèk babar pisan; tanah Djawa bandjoer kentékan kajoe djati. Anak poetoe, jèn arep gawé omah sing betjik, olèhé golèk baloengan sing apik menjang endi? Kedjaba ikoe jèn isih ana alas, rak akèh wong sing bisa beboeroeh negor-negor kajoe. Sing toenggoe alas ikoe saikiné ija olèh bajar saka Kangdjeng Goepermèn,

ana houtvèster, sinder, mantri djati, boschwachter, lan mandor pirang-pirang. Ana manèh alas sing diséwakaké Kangdjeng Goepermèn marang presil. Pangoe-ripan lan pametoe kang semono maoe, jèn alasé entèk, ija mèloe laroet. Dadi olèhé ngreksa marang alas ikoe, perloené, adja nganti wong-wong bésoek kapitoenan, marga srakahé wong saiki. Ing parésidénan-parésidénan sing akèh alasé djati, kaja ta: Madioen, Rembang, Semarang, ana prijajiné Weland, kang dipatah Kangdjeng Goepermèn ndjaga alas-alas maoe; panggedéné aran houtvèster. Toewan Houtvèster saandahané ikoe kang ndjaga alas; jèn ana wit djati sing ditegori, bandjoer préntah njoelami pisan. Jèn ana wit djati sing ditegor, toenggaké ora didongkèli, ditogaké baé; lawas-lawas bandjoer metoe troeboesané pirang-pirang; ikoe disempèli, moeng dikarèkaké sidji baé, gelis banget moendaké gedé, djandji diopèni; adja nganti kagoebed-goebed ing reroengkoedan. Jèn kemaroé ing reroengkoedan, ija gampang matiné, ora bisa gedé. Jèn bisa kopèn, oemoer 40 oetawa 50 taon, ija wis dadi wit djati gedé banget, kena ditegor manèh.

La jèn nandoer wit djati anjar, sing ditandoer wohé, arané djanggleng. Sasoewéné wit djati doeroeng gedé, wong-wong kena nandoeri pedjatèn ikoe maoe, ora nganggo madjegi. Sing ditandoer terkadang gaga; nanging sing kerep-kerep lombok, térong, lan sapa-noenggalané; nanging ija ora kena diberakaké babar pisan. Jèn ana reroengkoedané koedoe diresiki; sabab jèn toekoelan djati maoe diroeboeng ing reroengkoedan, bandjoer koeroe, akèh sing mati.

Jèn ana wit djati sing arep ditegor, dipatèni disik. Sabab jèn bandjoer ditegor baé, akèh sing kajoené

pada soewèk oetawa petjah-petjah. Rékané olèhé mengkéné: Koelité ing ngisor diklètèk moebeng; koewalé sing poetih kaé dioelapi nganggo wadoeng oetawa petèl nganti tekan ing kajoené sing abang. Dadi ojad, olèhé ater pangan ora bisa moenggah; sing doewoer mati, sing ngisor isih oerip. Mengkono ikoe,



jèn wis rong taoen, lagi ditegor. Pangoesoengé kajoe saka ing alas ikoe ija kangélan. Ana sing diketok-ketok digèrèd ing oewong; ana sing digèrèd ing sapi oetawa kebo. Sok digawèkaké ril, diemot ing lori, digawa menjang balokan. Déné sing nggèrèd locomotief. Dadi tetéla, jèn koedoe akèh sing njamboet gawé; sing olèh pangoepa-djiwa ija akèh.

Jèn wis tekan ing balokan, bandjoer diedol menjang endi-endi. Malah ana sing dikirimaké menjang tanah

sabrang barang, sabab kajoe djati ikoe wis misoewoer betjiké. Ana sing digawé praoe, ana sing digawé baloengan omah, kreteg, grobag lan lija-lijané. Toekang kajoe Tjina, jèn toekoe kajoe, ija menjang balokan, digawé médja, koersi, bangkoe, lemari, lan sapanoeng-galané. Bantalané dalan sepoer ikoe, sing digawé ija kajoe djati. Jèn wong Djawa, wit djati ikoe sing diepèk ora moeng kajoené baé, godongé ija dipoerih paédahé.

Jèn ketiga ngerak, wetara sadjroning sasi Augustus lan Sèptèmber, wit djati ikoe brindil; jèn wis wiwit tiba oedan bandjoer metoe godongé enom-enom, djenengé djompong. Ikoe sok didjoepoeki dianggo boentel sega oetawa témpé lan lija-lijané; ana sing dianggo ngoedoengi tandoeran tembako sing isih tjilik-tjilik. Ing tanah Madioen, jèn mbeneri akèh entoeng djati, entoengé ikoe didjoepoeki nganti olèh pirang-pirang rindjing, diedol menjang pasar, pada dianggo lawoeh marang wong sing dojan.

Kang ikoe dadi genah, jèn wit djati ikoe gedé banget paédahé. Embèn-embèn kono, jèn kowé kebeneran bisa weroeh wit djati saka ing tjedakan, tamatna sing temenan; karo adja lali ndeleng kembangé, jèn mbeneri kembang; roepané woengoe. Wit djati jèn kembang, pendak mangsa laboeh.

6. Menjang Ngajogjakarta.

I.

Sardiman omahé ing Banjoemas pinoedjoe tilik sedoeloeré misan aran Djajoes ing Ngajodja. Sawidjining dina didjak ndeleng menjang Taman-Sari. Enggoné arep mleboe nganggo moenggah ing doewoering gapoera.

Bareng wis tekan ndoewoering gapoera, Sardiman soemlengeren, weroeh omah koena pating djenggeleg, pajoné kaja sirap, nanging doedoe sirap; sing digawé



Taman Sari.

kabèh bata. Bandjoer pada moedoen, noeli ngliwati dalan ménggak-ménggok andjog ing bloembangan gedé. Djajoes kanda, jèn ikoe tilas balé kambang, kanggo pasiramané para poetri. Ing pinggiring balé kambang ana omah-omahané tjilik, ija sarwa témbok dalah pajoné. Djaré kono koewi ing bijèn panggonané Kangdjeng Sinoewoen, jèn lenggah mriksani lelangen ing sadjroning banjoe.

Noeli diadjak moebeng-moebeng mengidoel, noeli mengalor. Ing kono ngliwati dalan ing sadjroning lemah, rada peteng lan djenes; ing doewoéré ija ana dalané; dalan maoe sakaroné andjog menjang soemoer goemoeling. Sardiman wis ora weroeh lor kidoel, ora entèk-entèk goemoené. Sing digagas, dèk anjaré méndah apiké.

Bareng olèhé moebeng-moebeng wis wetara sadjam soewéné, meksa doeroeng kempoet, bandjoer ngadjak metoe, sabab koewatir, mbok menawa kedjoegroegan. Djajoes ija noeroeti, sabab Sardiman ketara jèn wedi temenan. Bandjoer diadjak menjang aloen-aloen kidoel. Lakoené andjog ing gadjahan. Ing kono ana gadjahé loro ditjantjang ing wantilan. Kang aran wantilan ikoe: saka gedé gilig. Jèn gadjah waé, Sardiman wis taoe weroeh, ana ing kemidi djaran; ing Banjoemas sok ana. Ananging ana ing gadjahan kono ditoedoechi rékané gadjah jèn mangan krambil. Djajoes toekoe krambil loro menjang wong sing mbeneri dasar ana ing kono, diwènèhaké marang sratiné, dikon makakaké marang gadjah sidji-sidji. Krambil bandjoer diöntjalaké toemiba ing ngarepé gadjah; noeli ditjandak nganggo tlalé, dikeproek ing mestèr. Bareng banjoené ana sing mantjoer bandjoer dilongga. Kok pinter!

Bareng wis asat, bandjoer disèlèhaké ing mestèr, dioelig-oelig nganggo sikil; baṭoké akèh sing nglokop, noeli diemplok. Ana baṭok seṭitik-seṭitik sing isih nèmplèk menjang krambil katoet menjang djero tjangkem, dilepèh, moeng kari baṭok baé; krambilé wis dipangan. Sardiman olèhé ngingetaké ndjomblong. Lagi koewi weroeh gadjah mangan krambil. Kok kaja wong mangan beton waé!



7. Menjang Ngajogjakarta.

II.

Bengi ora ketjrita; ésoeké si Sardiman wis arep nonton, nanging ditoetoeri, jèn tedaké Kangdjeng Sinoewoen soré; dadi ora sida.

Bareng wis djam papat, bandjoer diadjak nonton menjang ngarep karésidénan. Ing kono wong-wong wis djedjel baé. Sappinggiring dalan kiwa tengen, wiwit saka aloen-aloen sapengalor tekan patjinan, wong wis ora kena dipijak. Éwadéné saking ngoediné, botjah loro maoe bisa olèh enggon rada kepénak.

Ora soewé mrijem moeni, gleger! pratanda Kangdjeng Sinoewoen wis wiwit tedak. Noeli katon pradjogerit abajak-bajak sabregada; penganggoné pada

kabèh; moeng gegamané, sing separo bedil, separo toembak. Bandjoer sabregada manèh; penganggoné gèsèh karo sing disik; gegamané ja paron. Djajoes ngandakaké djenenging pradjoerit maoe sagolongan-sagolongan. Oeroet-oeroetané mengkéné: Sing ana ngarep déwé pradjoerit Wirabradja; wong akèh ngarani pradjoerit Irabradja. Noeli pradjoerit Ketanggoeng, Daèng, Djagakarja, Pradjoerit Patang poeloeh, bandjoer pradjoerit Prawira-tama. Saboeriné ikoe bandjoer abdi dalem prijaji Midji Soma-atmadja, bandjoer boepati najaka papat. Saboeriné Pradjoerit Patang poeloeh, ana kréta betjik banget; djarané teloeng rakit. Koewi titihané Kangdjeng Goesti Pangéran Adipati Anom.

Bandjoer katon djaran rakitan manèh; sing ngarep ditoenggangi oewong, penganggoné kaja saradadoe nganggo boeloe-boeloe. Sardiman soemlengeren ndeleng. Djarané patang rakit, oelesé pada kabèh, toer gedé-gédé lan bagoes-bagoes; dandanané ija betjik-betjik. Sidji-sidjiné djaran ditjekeli ing wong sidji; penganggoné ija bregas.

Noeli katon kréta gedé goemebjar; koesiré ngedangkrang njekeli lis; penganggoné bregas banget. Sardiman sangsaja banget goemoené; doeroeng taoe weroeh tontonan sing kaja mengkono. Djaréné Djajoes, kréta koewi djenengé Kjai Garoeda Jeksa. Déné sing nitih Kangdjeng Sinoewoen; moelané songsongé mekrok. Déné sing ana kiwané Kangdjeng Sinoewoen, Kangdjeng Toewan Asistèn-Residèn.

Ing sakiwa tengening kréta titihan dalem, para prijaji abdi dalem kang pada ngoeroeng-oeroeng; ing boeriné bandjoer prijaji Soeranata; mboeriné manèh, prijaji Ngampil; déné sing diampil, toembak.

Saboeriné ikoe bandjoer kréta titihané para pangéran; djarané ngrong rakit gedé-gedé ija betjik-betjik; dandanané sarwa éndah. Krétané ija gedé-gedé, ngoengkoeli kréta sing loemrah-loemrah kaé.

Noeli ana manèh pradjoerit sabregada, gegamané roepa-roepa, nanging ora wor-soeh; sagolongan nggawa panah lan gendéwa sarta tamèng; sagolongan gegamané bedil; sagolongan towok; sagolongan manèh toembak. Djaréné Djajoes, koewi djenengé pradjoerit Njoetra.

Ing boeriné ikoe ana pradjoerit manèh, isih rong bregada; sing sabregada aran pradjoerit Langenastra, sidjiné aran Mantri-djero.

Bareng Kangdjeng Sinoewoen woes lenggah ana ing dalem Karésidénan, wong-wong sing nonton bandjoer pada boebar; lakoené pating bloeloeng. Ana sing nggolèki kantjané, ana sing nggolèki anaké; dalandalan dalah sing tengah barang kebak oewong. Kréta séwan bandjoer wiwit kena mlakoe manèh ana ing ngarep karésidénan; sempritané pating troewit, samboeké pating tjleṭor.

Sardiman karo Djajoes bandjoer pada moelih. Sardiman, saking olèhé ngangen-angen apiking tontonan maoe, nganti blangkemen. Tekan ngomah lagi bisa goeneman sing oeroet. Ésoeké Sardiman moelih menjang Banjoemas; ana ing kana goeproek olèhé ngandakaké samoebarang sing dideleng.

8. Pentjaring widji.

Ing kapoeloan Hindija-Wétan kéné iki kang sisih lor akèh banget poeloné tjilik-tjilik, sing ora didoe-noengi ing wong. Djalaran lemahé tjengkar banget. Jèn digawéa tetanèn, pametoené ora timbang kambi kangèlané. Ewadéné poelo-poelo ikoe ing pesisiré pada keñoekoelan ing wit krambil. Keprijé kok dadi mengkono? Mestiné kowé doewé pengira, jèn wit krambil ikoe ditandoer ing wong. Ikoe ora mengkono. Sing nggawa widjiné mrono ikoe banjoe segara. Terangé mengkéné. Ing pesisiré tanah Djawa iki éwon kèhing wité krambil. Ing kono kerep baé ana krambil garing kang tiba ing lemah, ora bandjoer didjoepoek. Jèn segarané rob, akèh kang bandjoer katoet ing ombak menjang satengahing segara. Ana ing segara tansah koemambang, djalaran taboné èntèng. Ija bener taboné ikoe bandjoer klebon banjoe, nanging banjoené ora bisa teroes tekan ing krambilé (dagingé). Djalaran kalang-alangan ing batok; dadi krambilé ora bisa bosok.

Enggoné kompal-kampoel digawé dolanan ing ombak ana ing satengahing segara, nganti pirang-pirang dina. Wekasan kéntas menjang gisiking poelo, kang ora ana wongé. Jèn segarané ing kono rob, krambil maoe sangsaja keboewang moenggah ing daratan. Lawas-lawas toekoel sarta metoe ojudé. Jèn wis sawetara taoen, woh krambil maoe wis malih dadi oewit. Wohé ija bakal adoh parané mengkono; terkadang malah ngloewihi adohé.


Jèn mengkono dadi banjoe ikoe bisa mentjaraké tandoeran. Salijané banjoe ija isih ana manèh sing

agawé pentjaring tètokoelan. Apa kowé isih kèlingan tjritané katès bijèn? Ing kono manok, kang mentjaraké widji. Apa kowé wis weroeh kopi loewak? Ana manèh wowohan, kang koelité pating tjingih. Jèn kowé mlakoe ana ing soeketan, bebedmoe rak sok ketémplékan soeket dondoman, ta? Ikoe dadi widji, arep ngalih tètokoel ing lija panggonan. Dadi kowé, kang agawé pentjaré. Moelané mengkono, sabab kajakaja wis weroeh, jèn ing panggonané lawas wis ora pati akèh pangané; dadi soemedja golèk panggonan, kang isih akèh pangané.

Jèn kowé gelem ngiling-ilingi awaké sapi, wèdoes oetawa kéwan lijané, kowé mesti sok weroeh, jèn woené katémplékan ing wowohan kang tjilik-tjilik. Jèn kéwan ikoe kekosod oetawa koekoer-koekoer, wowohan maoe pada tiba ing lemah, ora lawas tètokoel. Mengkono oega widjiné tètokoelan ing banjoe, akèh kang katoet ing endoet, sing toemèmplèk ing sikilé manok-manok kang sabané ing banjoe.

Kedjaba saka kang kaseboet ikoe maoe, isih ana manèh sing marakaké pentjaré widji. Kowé rak wis pada weroeh wit randoe, ta? Jèn wohé wis wajahé toewa, godongé pada brindil. Koelité wohé atos, ing djero ana kapoeké; gawéné dienggo ngisèni kasoer oetawa bantal. Terkadang kapoekikoe digawani menjang tanah Eropa. Ing sadjroning kapoek ikoe ana isiné (klenteng); koewi widjiné.

Woh randoe kang wis garing akèh kang pada mletèk; kapoeké moto-moto. Jèn katempoeh ing angin, ana kang katoet saisiné pisan; tibané terkadang nganti adoh saka panggonané lawas. Moelané ora bandjoer tiba, djalaran kapoek kang mèloe kaboe ikoe èntèng



banget. Dadi brindiling godongé ikoe soepaja kaboering widji maoe adja nganti kalang-alangan. Dadi jèn mengkono ikoe pentjaring widjiné saka penggawéné angin.

Kedjaba randoe isih ana manèh tandoeran oetawa tetoekeolan lijané, kang widjiné pentjar déning angin, kaja ta kapas, loentas lan lija-lijané.

Ana oega tandoeran kang bisa déwé mentjaraké widjiné, ora nganggo srana apa-apa, kaja ta patjar banjoe. Wohé jèn wis toewa, enggoné mletèk rosa banget, nganti widjiné keplesat adoh. Kang mengkono ikoe preloe banget, sabab jèn widjiné pada toekoel



ngenggon, mesti pada kekoerangan pangan, kekoe-rangan panas oetawa hawa. Kedadèané akèh kang pada mati; sing isih oerip, pada koeroe-koeroe.

Dadi Goesti Allah enggoné mentjaraké tandoeran, sranane warna-warna banget.

9. Satroené wong tani.

Tandoeran pari ikoe akèh amané, kaja ta tikoes. Gawéné sok ngrikiti oewiting pari, bandjoer mangan pariné kang wis toewa. Walang-sangit gawéné mangani woh pari kang isih enom. Kedjaba ikoe isih ana kéwan tjilik lijané, kang banget enggoné gawé roesak, ananging patrapé sédjé.

Kirakoe kowé ija wis taoe weroeh roepané. Loepoeté ana ing sawah ija ana ing satjedaké lampoe, djalaran kéwan maoe demen marani pepadang. Kéwan ikoe gedéné ora sepiraa. Jèn laré kiwa tengen diegaraké, ambané wetara moeng 3 cM. Déné dawaning awaké saka ing endasé wetara 2 cM. Laré papat; ing tengah-tengahé lar kang ngarep ana ireng-irengé setitik. Djenengé kéwan maoe pidjer.



Jèn ngendog, endogé bandjoer ditoe-toepi nganggo toetoep abang kaja woeloe. Endog kang mengkono ikoe kowé mesti wis taoe weroeh ana ing gedèg, ana ing témbok oetawa ing médja. Loewih manèh ana ing wit pari.

Satemené pidjer ikoe enggoné arep ngendog ija ana ing godong pari, ananging sok keliroe. Jèn ing wajah soré marani lampoe, pangendogé mesti bandjoer satibatibané baé; kaja ta ana ing témbok. Jèn netes, anaké mesti énggal mati, sabab kekoerangan pangan.

Déné jèn enggoné ngendog ana ing panggonan kang betjik, mesti ora mengkono. Let 6 oetawa 7 dina netes; ora soewé bandjoer gawé lambat, goemantoeng ana ing kono kaja déné anak kemangga. Jèn ana angin bandjoer


kanoer, bisa tekan ing panggonan kang disenengi.

Mara, kang disenengi toemiba ing apa?

Wis mesti baé senengé toemiba ing poepoes. Bandjoer dipangani; sing empoek-empoek entèk kabèh. Kang mengkono ikoe satemené ora pati dadi apa. Ananging kéwan maoe njengité ora moeng semono baé. Wetara 3 dina manèh, jèn wis moendak rosa, sarta jèn tjangkémé wis moendak sentosa, bandjoer mandjing ing oewit. Toemoeli gawé dalan nganti tekan ing ngisor. Ana ing kono wis ora ana moetawatiré apa-apa; ora ana kéwan kang bisa njekel; malah doemoenoeng ana ing satengah-tengahing oewit sarta njolongi pangané si oewit. Mestiné kowé rak ngerti, jèn wit pari kang mengkono ikoe keroesakan. Godongé sing ana ing doewoer, kang isih enom, bandjoer dadi koening, ngroewel, wasana garing. Kéwan maoe bandjoer manggon ana ing sadjroning oewit kang ngisor. Ora antara lawas bandjoer dadi gedé alemoe, sarta énggal dadi entoeng. Ananging sadoeroengé dadi entoeng, gawé bolongan disik ana ing sadjroning oewit. Jèn wis rampoeng, bandjoer ditoetoep nganggo lambat.

Apa kowé weroeh gawéné bolongan ikoe? Ora? Dakkandani ja? Sawisé noetoep bolongan maoe, bandjoer dadi entoeng. Kowé rak ngerti ta tegesé dadi entoeng? Jèn wis let wetara 10 dina, entoeng maoe metoe koe-poené tjilik, djenengé pidjer. Pidjer ikoe ana ing sadjroning wit pari ora seneng, djalaran roepék banget. Mengkono manèh sarèhné doewé lar, dadi kepéngin miber. Wiwitané nggremet, metoe saka ing bolongan maoe, bandjoer miber. Saiki ngerti apa doeroeng gawéné bolongan?

Ananging pariné, sarèhné dipangan ing kéwan maoe,




dadi keroesakan nganti pada mati. Wis mesti baé bandjoer ora metoe wohé.

La pidjer maoe bandjoer keprijé? Sing wédok bandjoer ngendog, ora lawas lanang-wédok pada mati. Dadi ama pari maoe oemoéré ora dawa, lawas-lawasé enggoné oerip moeng 6 minggoe.

Terkadang ama pari maoe tekané ing sawah bebarengan pirang-pirang. Wis mesti baé kang mengkono ikoe agawé kapitoenan gedé. Éwon kapitoenané wong tani.

Djalaran saka ing ikoe anaa ing ngendi-endi kéwan maoe koedoe dipatèni. Sawenèhing wong tani ana kang doewé akal mengkéné: ing wajah bengi moebeng ana ing sawah kambi nggawa obor. Pidjer kang ana ing sawah akèh kang pada marani obor, toemoeli mati kobong. Ananging akoe wis weroeh panggonan, kang wongé tani loewih pinter. Wong tani ing panggonan maoe pada semajan karo kantjané: enggoné tandoer pari didjak bebarengan. Wis mesti baé ama pidjer maoe ing kono ija bandjoer akèh. Ananging pidjer kang metoe saka ing entoengé, ing sakiwa tengené ing kono ora bisa olèh wit pari enom, kang godongé oetawa wité isih empoe. Sing wédok ija pada ngendog; ananging anaké kang isih enom ora pada olèh pangan; dadi bandjoer pada mati. Let setengah taoen, jèn wong tani maoe nandoer pari manèh, amané pidjer moeng setitik. Akalé wong tani kang mengkono ikoe rak betjik ta?

10. Koelit kajoe diolah dadi tablèt.



ng pegoenoen-
an ing tanah
Priangan sing
doewoer-doe-
woer ana tanah

presil pirang-pirang; tanah maoe ditandoeri wit kinah. Enggoné nandoer wit kinah ikoe moeng preloe diepèk koelité baé; koelité wit kinah ikoe akèh banget regané.

Wit kinah ikoe pinangkané saka ing negara mantja; penandoeré ana ing tanah Djawa sepréné lagi 70 taoen; déné asalé ing tanah Amérika-kidoel, diepèk widjiné, digawa menjang tanah Djawa. Nanging pendjoepoké widji ikoe ora gampang, sabab wong-wong ing kono banget pendjagané, adja nganti widjiné oetawa toekoelané kinah maoe didjoepoki oetawa

digawa oewong menjang tanah lija. Jèn ana wong sing bisa ndjoepoek toekoelané, digawa menjang tanah Djawa, tekané ing tanah Djawa terkadang wis pada mati, sabab saking lawasé ana ing dalan. Kang mengkono ikoe sakèhing wragad lan kangélan dadi ilang moespra.

Apa ta preloené kok kepati-pati wit kinah arep ditandoer ana ing tanah Indï kéné? Mengkéné: Kowé



rak ja pada weroeh, jèn ing tanah kéné akèh wong sing lara panas malaria; mangka lara panas kang mengkono ikoe tambané sing istidjab, ora ana manèh kedjaba moeng ndjoepoek saka wit kinah.

Ing saiki ing saloré negara Bandoeng, ing èrèng-èrènging goenoeng Tangkoeban Praoe, ana kebon kinah djembar banget. Kebon ikoe sing jasa swargi

toewan Junghuhn. Toewan maoe enggoné ngopèni kebon kinah ora lèrèn-lèrèn nganti tekan ing sédané. Déné koeboéré ana ing Lembang, ing satengah-tengahing kebon kinah.

Ana déné wit kinah ikoe jèn wis oemoer 20 taoen, wis sedeng-sedengé diepèk paédahé; pang-pangé digradjèni disik, bandjoer oewité digradji ngantjas; dadi toemibané ing lemah, ngadeg, ora ngroeboehi oewit ing sakiwa tengené. Oewit lan pang-pangé maoe bandjoer diketoki, dawané 1 M; koelité diklokopi. Enggoné nglokopi ikoe patrapé mengkéné: kajoe-kajoe maoe diñoetoeki nganggo gandèn. Jèn koelité wis mari kraket karo kajoené, bandjoer diklokopi.

Ojodé ija kanggo; moelané ija didoedoeki; ojed maoe koelité diklokopi nganggo lading baloeng. Klokop-klokopan sing isih teles ikoe bandjoer diwadahi ing krandjang pirang-pirang, digawa menjang pamépéan. Jèn enggoné mépé wis garing, bandjoer diwadahi ing bagor oetawa goni, dikirimaké menjang pabrik. Ana ing kono digiling, nganggo didjantoni roepa-roepa; pirang-pirang djantoené.

Jèn wis mengkono, noeli dipipit, didadèkaké tablèt, digangsa nganggo goela, soepaja paité adja nganti krasa. Tablèt maoe bandjoer diedol saenggon-enggon; malah ing désa-désa sing adoh karo koeta ija ana tablèt kinah kang mengkono ikoe. Paédahé tablèt maoe dianggo tamba lara panas malaria.

11. Tjandi Prambanan.

I.

Ing sawidjining dina wajah ésoek Mantri goeroe Ngabéan Ngajodja noenggang sepoer karo moerid-moeridé ing pangkat kang doewoer déwé, arep menjang Kalasan. Preloené arep pada ndeleng tjandi. Satekané ing halte Kalasan pada moedoen, noeli pada mlakoe darat.

Ora soewé tekan ing Tjandi Kalasan. Tjandi ikoe kinoebeng ing pager kawat; wangoené olèhé mageri doeroeng lawas, sabab kawaté katon isih anjar. Mantri goeroe noeli kanda: „Lé, tjandi iki oemoéré wis loewih 1000 taoen; roepané isih mengkéné; méndah dèk anjaré. Mara ta delengen apiké; watoené pada dioekir-oekir nganggo gambaran betjik-betjik. Man, kowé bisa, Man, nggambar mengkono?” Sarman mangsoeli: „Boten! mBok menawi embèn wingking saged.”

Tjandi iki bijèn, djaré-djaréné sing digawèkaké widadari, arané Dèwi Tara.”


Botjah-botjah pada kedemenen ndeleng oekir-oekiran sing ana ing watoe kono. Apa manèh sing ndadèkaké gawoké, ndeleng gambar naga pirang-pirang; ora wareg-wareg olèhé ndeleng; nanging bandjoer diadjak moenggah, tekan ing sentongan. Mantri goeroe bandjoer kanda: „Ing sentongan kéné iki bijèn ana retjané Dèwi Tara; sentongan kono koewi bijèn ija ana retjané. Ing legok-legokan kono-kono koewi bijèn ija ana; saikiné wis pada ilang. Sangisoré sentongan kéné iki, kira-kira ana awoené wong Indoe djaman bijèn sing diadji-adji ing wong akèh.”



Ora soewé noeli pada moedoen, ngoebengi tjandi, bandjoer pada menjang Tjandi Sari. Saka ing kono moeng lakon limang menoet koerang loewih.

Bareng wis tekan, botjah-botjah pada ngelokaké: „Kok ora pati doewoer!”

Botjah-botjah noeli pada moenggah, kepéngin weroeh roepané ing doewoer. Ing kono ana sentongané sawetara,



sarta ana ségogané tjilik-tjilik; watoené ija dioekir-oekir betjik.

Bareng wis toetoe olèhé pada ndeleng, bandjoer moedoen, noetogaké lakoené. Mantri goeroe tjelaŕoe: „Ikoe maoe doeroeng sepiraa betjiké; sing betjik temenan mengko sedéla engkas. Olèhmoe mlakoe pada sengkakna karebèn énggal tekan.”

Olèhé mlakoe noeroet dalan gedé, ngliwati kali Opak. Ing kono ana kretegé betjik banget. Ana botjah

sidji sing ngelokaké: „Betjik temen kreteg iki!” Sidjiné njamboengi: „Karo dawané kok éram akoe!” Goeroené noempangi: „Pantjèn betjik kreteg iki, toer sentosa banget; éwadéné doeroeng karoewan kelar njembadani boediné banjoe. Sing disik-disik ja mengkéné apiké, pada laroet ketradjang ing bandjir. Delengen, ta,



iliné jèn ora bandjir, wangoené anteng; jèn bandjir santeré kok ora djamak. Moelané dèk djaman kedjawan ora taoe digawèkaké kreteg sing temenan, sabab wong Djawa roemangsa ora kedoega.”

Ora soewé olèhé loemakoe pada tekan ing pasar Prambanan; noeli ménggok ngalor; tjandiné katon ngregoenoe saka ing kadohan. Satekané ing tjandi, mantri goeroe toekoe kartjis kanggo moerid-moeridé

lan kanggo awaké déwé; bandjoer pada mleboe menjang tjepoerining tjandi. Sarèhné wis pada krasa rada sajah, dadi ora bandjoer moenggah menjang tjandi; ngaso disik ana sangisoring wit ketapang.



12. Tjandi Prambanan.

II.

Olèhé ngaso ana sangisoring wit ketapang kepénak banget: ja adem, ja isis; akèh sing pada ngoedari boentelané sangoe, olèhé mènèhi bijoengé; pating ketjamoek, karo pada goejon. Katoné pada seneng-seneng; dadi sapa-sapa sing weroeh, ija mèloe seneng. Ana sing mangan djadah; ana sing mangan enting-enting; ana sing mangan geti; ana sing mangan getoek.

Bareng wetengé wis pada isi, sarta wis ilang sajahé, bandjoer dikon ngadeg karo goeroené, sarta dikon ngroengokaké kandané. Botjah-botjah bandjoer énggal pada menjat; kiwa tengené ana tjandi pating djenggeleg.

Mantri goeroe bandjoer wiwit kanda: „Kéné iki,

kabèh ana tjandiné woloe, koelon teloe, wétan teloe, lor sidji, kidoel sidji. Sing arep dideleng disik koelon koewi; ajo ta, mèloea."

Botjah-botjah bandjoer pada moenggah; ana sing karo mlajoe baé, balapan karo kantjané. Sing dioenggahi



Tjandi Brahma; ing doewoer ngedag-edag baé, ana sentongané watoe tjilik. Ing kono ana retjané Sang Brahma betjik banget; rainé papat. Enggoné gawé pepetaning makoeta lan sandangan, apa manèh sirah, ikoe kabèh mratandani, jèn wong Djawa ing djaman

bijèn, pada pinter-pinter gegawéan. Bareng wis tanek olèhé pada namataké, bandjoer diadjak moedoen marang goeroené: „Wis, ajo moedoen, lé! endang ngalih menjang sédjéné kaé! Kaé loewih betjik, karo loewih preloe.”

Botjah-botjah bandjoer pada moedoen koemritig, noeli ngalih menjang sidjiné; moenggah oendak-oendakan watoe rada doewoer, ngoengkoeli sing disik. Karo manèh oenggah-oenggahané rada rekasa; nanging dedelengan ing doewoer kono ija njata loewih betjik; disiké tekan ing retjané Sang Hjang Siwah, djoemeneng Sang Mahadéwa.



Makoetané soengsoen teloe, ana pepetaning remboelan tanggal sepisan lan tjoemploeng oewong. Ing satengahing bafoek ana mripaté sidji; dadi mripaté kabèh teloe;

poepoené kaja tinoetoepan ing waloelang matjan toetoel. Tangané papat; sing sidji njekeli tjemara; sidjiné njekeli akshamala, oetawa tesbèh; sidjiné njekeli kendi isi banjoe pengoeeripan; sidjiné njekeli trisoela.

Déné ing sentong-sentongan lija-lijané ija ana retjané. Ana sing isi retjané Sang Hjang Siwah djoemeneng Goeroe, ana djénggoté. Ana sing isi retjané Sang Hjang Ganésa oetawa Beṭara Gana, poetrané Sang Hjang Siwah; ana tlaléné njerot kawitjaksanan saka ing tjoemploenging menoengsa, kang ditjekeli ing tangan kiwa. Ana manèh retjané Sang Kali Doerga, garwané Sang Hjang Siwah; tangané woloe, ngidaki kebo titisané Maésasoera.

Mantri goeroe kanda marang botjah-botjah mengkéné: „Lé ,wong Djawa isih akèh sing njadran mréné iki, sabab retja iki diarani dadèhané Lara Djonggrang. Embèn boeri kowé taktjritani dongèngané Lara Djonggrang. Saikiné ajo pada mlakoe oeroet témbok watoe iki, karo ndelok-ndelok gambaré. La koewi gambaré Beṭara Rama karo Leksmāna, adiné, lagi mlakoe nggolèki Dèwi Sinta, ditjolong Praboe Rawana. Dèwi Sinta koewi apané Beṭara Rama? Bodjoné; ija apa ora? Sing ngréwangi, ratoe ketèk, djenengé Praboe Soegriwa, karo nggawa bala ketèk ora karoewan tjatjahé. Gegedogé: Anoman.”

Botjah-botjah pada namataké oekir-oekiran sing ana ing témbok watoe; ana sing ngelokaké mengkéné: „Ija, lo, la iki Beṭara Rama, la iki Leksmāna; nanging kok ora mèmper karo wajang kaé.”

Bareng wis kempoet olèhé pada ndeleng, bandjoer moedoen koemritig majar baé, ora kangélan kaja dèk moenggahé. Satekané ing ngisor, bandjoer gegan-

tjangan mengétan menjang tjandi sidjiné, noeli moeng-gah oendak-oendakan watoe manèh. Ing doewoer ana retjané sapi. Goeroené tjelaṭoe: „Koewi retjané sapi kang aran Nandi; jèn ing wajang, djenengé Lemboe



Andini, titihané Sang Hjang Siwah oetawa Beṭara Goeroe. Wong-wong ija isih akèh sing njadran mréné, ndjaloek slamet.”

Ana ing kono ora soewé; noeli moedoen manèh menjang tjandiné Sang Hjang Wisnoe; ananging ing kono ora pati ana apa-apané sing kena dideleng, sabab wis akèh sing roesak, marga lindoe oetawa perang dèk djaman koena.

Mantri goeroe tjelaṭoe: „Jèn ndeleng woedjoedé saiki, mestiné kowé ora ngira, jèn kéné iki ing bijèn ana kraton gedé. Ananging para pinter bisa namtokaké,

jèn kéné iki tilas kraton gedé; malah ija ana kedatoné barang. Déné penggawéné tjandi-tjandi iki, preloené kanggo memoedja marang déwa, kaja déné wong saiki menjang mesdjid oetawa menjang grédja. Ana sing ngarani, jèn sawidji-widjining tjandi iki koeboerané ratoe dèk djaman koena oetawa pendita sing pinoen-



djoel. Bijèn sakiwa tengené tjandi iki ana tjandiné tjilik-tjilik loewih saka satoes, nanging wis akèh sing roesak, ilang lariné; mbok menawa marga saka lindoe. Awit saka pangroektiné Kangdjeng Goepermèn, roesaké ora kebandjoer-bandjoer, isih rada akèh sing apik. Karo manèh akèh sing didandani ora nganggo ngétoeng kèhing-wragad lan kangèlané. Kedjaba iki, tjedak-

tjedak kéné, isih ana tjandi tjilik-tjilik akèh. Nèk kowé doeroeng pada sajah, arep tak djak nonton mrana pisan. Sapa sing wis poprok?"

Botjah-botjah ngakoe jèn doeroeng sajah, sabab kepéngin ndeleng tjandi sing lija-lijané. Bandjoer diadjak ndeleng, ana tjandi pirang-pirang; wiwitané Tjandi Loemboeng, bandjoer Tjandi Boebrah, bandjoer Tjandi Séwoe. Retja sing djaga ana ngarepan, gambar boeta nganggo njekeli gada gedé nggegirisi; toedjoené ora oerip. Jèn oeripa, mesti medèni banget. Émané déné tjandi ikoe wis akèh banget sing roesak pating bléngkrah.

„Wis lé, saikiné wis entèk sing apik-apik; ajo pada bali moelih. Saiki kowé pada weroeh, jèn wong Djawa dèk bijèn bisa gegawéan sing apik-apik lan nggoe-moenaké; bisa gawé tjandi sing kaja mengkono roepané; wis oemoer loewih 1000 taoen, meksa isih gawé éramé wong sing ndeleng. Wong Djawa, wong sabrang, jèn ndeleng tjandi-tjandi, goemoené pada baé.”

Noeli pada mangkat bali; ana ing dalan ora pati tjikrak-tjikrak kaja dèk mangkaté, sabab rada sajah, sarta mikir-mikir bab tjandi sing mentas dideleng ikoe maoe. Éwadéné lakoené ija isih tata, ora ana sing nggrendèl. Tekané ing statsijoen bareng.

Satekané ing omahé déwé-déwé, goeproek olèhé kanda marang bapa bijoengé lan sanak sedoeloéré, ngandakaké senengé olèhé dolan lan apa-apa sing mentas dideleng.

13. Lara Djonggrang.

Dongèngé Mantri Goeroe.

Ing djaman koena Prambanan koewi ana kratoné, djenengé ija kraton Prambanan. Sing dadi ratoe: boeta; rosané ngleloewihi, djedjoeloek Praboe Baka; kagoengan poetra poetri, arané Lara Djonggrang. Bareng perang karo ratoe ing Pengging, Praboe Baka kalah, mati ana ing paprangan, sabab ratoe ing Pengging diréwangi wong kang loewih déning rosa, arané Bandawasa, karo sedoeloeré lanang loro. Moelané Bandawasa bisa menang, sabab diwènèhi gegaman marang bapakné. Bapakné koewi gentoer tapané, djenengé Damarmaja. Gegamané maoe emboeh panah, emboeh bedil, nanging ampoehé ngleloewihi; déné djenengé bandoeng; moelané Bandawasa bandjoer karan Bandoeng Bandawasa.

Sang ratoe ing Pengging, saking boengahé bisa menang karo Praboe Baka, Bandoeng Bandawasa bandjoer diparingi tanah ing Prambanan, didadèkaké Adipati. Bandoeng bandjoer mangkat menjang Prambanan. Satekané ing kono, arep manggon ana ing kedatoné Praboe Baka pekéwoeh, sabab Lara Djonggrang, poe trané Praboe Baka, banget éwa marang Bandoeng, déné ramané dipatèni; malah tetemon baé ora sotah. Mangka Bandoeng bareng weroeh marang Lara Djonggrang banget kepéntjoeté. Moelané bandjoer dilamar arep dipèk bodjo.

Lara Djonggrang nampik ora wani, koewatir mbok menawa digoena-gawé, amesti nemoni ora kepénak. Moelané bandjoer doewé pepanggil: Jèn Bandoeng bisa nggawèkaké tjandi sèwoe lan soemoer loro sing djero-djero, bisa dadi pada sawengi, ija gelem dirabèni.

Bandoeng nggraita jèn pendjaloeké Lara Djonggrang ikoe ora madjat; éwa semono ija arep ditandangi sabisa-bisané; mbok menawa bisa nekani pendjaloeké bakal bodjoné. Bandjoer ndjaloek toeloeng marang bapakné, Sang Damarmaja, lan marang sedoeloeré, apa manèh njoewoen toeloeng marang Sang Ratoe ing Pengging. Sang Damarmaja sagoeh mitoeloengi sarana tjipta sasmita lan kasektèné; apa manèh bakal

ndjaloek toeloeng marang para lelemboet.

Bandoeng bandjoer njagoehi apa kang dadi pendjaloeké Lara Djonggrang.

Bareng tekan ing semajané, Sang Damarmaja lan sedoeloeré Bandoeng, apa manèh Sang Ratoe ing Pengging, pada teka ing Prambanan. Noeli pada moedja semèdi marang déwa, nenoewoen

bisaa moedjoedaké kang dadi pepanggilé Lara Djonggrang. Panoewoené kasembadan; djam setengah papat ésoek tjandi sing dadi wis ana 995.

Patih ing Prambanan, bareng weroeh jèn wangoené pepanggilé Lara Djonggrang arep ketekan, atiné panas



banget. Wong poetrané goestiné kok arep dirabèni marang tilas moengsoehé; mangka moengsoehé ikoe sing matèni goestiné. Moelané bandjoer golèk réka moerih adja nganti Bandoeng bisa nekani pendjaloeké Lara Djonggrang. Noeli préntah nggoegahi saroe pané wong wadon ing Prambanan, dikon noetoe; karo manèh ing lesoeng dikon njebari kembang borèh sing wangi-wangi.

Bareng para lelemboet sing ngréwangi Bandoeng mamboe gandaning kembang, sarta ngroengoe wong noetoe, bandjoer mandeg olèhé njamboet gawé, sabab ngira jèn wis rahina; bandjoer pada bali menjang kajangané déwé-déwé. Dadi tjandiné doeroeng rampoeng kabèh, isih koerang.

Bareng Bandoeng weroeh kang mengkono ikoe, banget nepsoené, bandjoer njoepatani botjah-botjah wadon ing Prambanan, adja olèh-olèh bodjo jèn doeroeng dadi prawan toewa. Lara Djonggrang takon marang djaka Bandoeng semoe ngérang-ngérang apa pendjaloeké wis ditekani apa doeroeng. Djaka Bandoeng banget nepsoené. Lara Djonggrang disebdakaké dadi watoe, bandjoer malih dadi retja nganti sepréné iki. Wong-wong Djawa ngira, jèn retjané Sang Kali Doerga ikoe kedadèhané Lara Djonggrang; moelané nganti sepréné retja maoe diarani Lara Djonggrang.

Tjandi-tjandi gawèhané lelemboet maoe saiki isih ana, djenengé Tjandi Sèwoe; sing pada dideleng dèk menjang Prambanan kaé; nanging akèh sing wis roesak.

14. Ala, nanging gedé paédahé.

Généja wong-wong kok pada demen emas oetawa selaka? Apa sabab gedé paédahé? Ora! Jèn paédahé mono kalah karo wesi, adoh katjèké. Wesi ikoe paédahé ora ana sing ngoengkoeli. Ija bener roepané asor déwé, nanging jèn oewong ditinggal wesi, saiba soesahé. Emas ikoe senadjan larangé tikel akèh tinimbang wesi, nanging jèn dianggo piranti apa-apa ora kanggo, koerang atos. Wesi bisa kijeng; dianggo piranti mitajani. Mara pikiren, sepira kèhé piranti sing bakalé wesi. Pirantiné wong tani, toekang-toekang, pandé, kemas, gemblak, akèh sing bakalé wesi. Lading, goenting, linggis, tjafoet, bakalé ija wesi. Jèn kopikir temenan, sekésoek baé wis pirang-pirang piranti sing kotjekel, sing ana wesiné. Tjoba titènana sing temenan.


Moenggoeh pirantiné wong ikoe, jèn dèk djaman koena-koenané, ja ora ana wesiné; sabab dèk semana doeroeng ana tjarane wong golèk wesi; sing dianggo piranti: bakalé watoe, diwangoen mitoeroet preloené. Paloené watoe, ladingé watoe, gradjiné ija watoe. Déné gegamané ija mengkono. Jèn panah, bédoré ija watoe oetawa baloeng. Saiki sing isih doewé tjara mengkono ikoe: wong Papoewa. Moeng sing manggon ana ing pesisir, sing sok srawoengan karo wong Mlajoe, ikoe pada nganggo piranti wesi.

mBok menawa kowé wis pada weroeh, jèn wesi ikoe pendjoepoeké saka sadjroning lemah, sarana didoedok. Nanging jèn wong ndoedok lemah, golèk wesi kaja sing katon saben dina iki, ija ora olèh. Sing ketemoe ana sadjroning lemah ikoe malah ora mèmper wesi babar pisan.

Ana tanah-tanah sing boeminé ana wesiné; panggonané djero banget. Dadi jèn arep didjoepoek, nganggo didoedoeki disik, sarana diboer, kaja soemoeran. Ing ngisor jèn wis tekan panggonané wesi, digawèkaké landakan, dianggo dalané wong sing pada njamboet gawé. Ana ing djero kono wong-wong maoe pada ngeroeki lemah sing kamoran wesi; woedjoedé sing dioenggahaké ikoe ija kaja lemah oetawa watoe pating pringkil, pating prongkal baé. Jèn arep dipèk wesiné, koedoe diloeloh. mBok menawa kowé doeroeng ana sing weroeh djér-djéran wesi; sing koweroehi lagi wesi abang, sing diobong pandé kaé. Pantjèn wesi ikoe ija ora gampang loelohé. Jèn moeng diobong areng sambi oetawa kajoe lijané baé, doeroeng bisa loeloh, sabab koerang panas. Bisané loeloh jèn panasé loewih déning banget.


Ing tanah-tanah sing ana pametoéné wesi, oetawa ing negara lijané, ana pabriké sing dianggo ngloeloh wesi ikoe. Déné pawoné sing dianggo ngloeloh ikoe, doewoer banget, wangoéné boender, tèmboké watoe oetawa bata. Watoéné ikoe milih sing atos banget, ora bisa loeloh déning geni. Pawon maoe digawé gedé tengah; dadi mendoewoéré oetawa mengisoré sangsaja tjijoet. Mara ta delengen gambaré pawon ikoe; ikoe gambaré jèn disigar tengah bener. Sing ngisor ikoe enggon kajoe lan areng watoe. Jèn geni wis ndadi, bandjoer dibjoeki lemah wesi tipis-tipisan, bandjoer dibjoeki atiné areng watoe; ndoewoéré bandjoer dibjoeki lemah wesi manèh, noeli atiné areng watoe. Mengkono ikoe nganti pawon maoe kebak sapendoewoer. Sing ngebjoeki ikoe koeli-koeli; ora kangélan; sabab pangoesoengé lemah wesi lan areng watoe maoe

nganggo glédégan. Olèhé ngesokaké saka bolongané pawon sing ndoewoer ikoe, toemiba ing geni kang marong ana ing ngisor kono. Dadi lemah wesi ikoe



ngisor ndoewoeré: areng watoe. Jèn areng ikoe wis pada dadi geni, lemah wesi maoe dadi panas banget; wesiné bandjoer loeloeh. Moerih panasé moendak banter, nganggo dioeboebi saka ngisor. Ja mèmper oeboebané pandé kaé, nanging gedé banget.

Jèn wesiné wis loeloeh, bandjoer ndlèdèk mengisor metoe ing bolongan ing ngisor. Bolongan ikoe kena



diboekak, kena ditoetoep. Jèn ing sadjroning pawon maoe wis akèh loeloehané wesi, bolongan ikoe bandjoer diboekak; wesiné bandjoer mili menjang sadjroning lemah. Ing kono wis digawèkaké kalénan tjijoet-tjijoet, nanging dawa. Ana ing kono ditogaké baé nganti adem; noeli didjoepoeki, kena ditjatak oetawa digemblèng, digawé dandanan roepa-roepa.

Pawon ikoe maoe, jèn wis digenèni sepisan, ora disirep-sirep; rina wengi tansah dibjoeki lemah wesi lan areng. Terkadang nganti 15 taoen bandjoer baé. Watoe-watoe ing témboké bandjoer sok wiwit bebrek, sabab kena ing geni rina wengi; ikoe ngoewatiri, mbok menawa pawoné ambroek.

Geniné bandjoer dipatèni, pawoné diboebrahi, disalini watoe anjar.

Ing kapoeloan Indi wétan kéné kleboe akèh tadahé wesi; ikoe ditekakaké saka tanah sabrang. Ana ing kéné digawé dandanan roepa-roepa. Ing kana-kana, kajata ing Soerabaja, ija ana panggonan pangloeloehan wesi. Wesi sing teka saka sabrang ana ing kono diloeloeh manèh, digawé roða, oeroeng-oeroeng, saka, piranti pabrik, lan lija-lijané.

Gambar sing soemanding ikoe gambaré pabrik wesi; wong-wongé pada njamboet gawé njatak wesi. Jèn kowé bisa ndeleng pabrik wesi, takkira sing kodeleng ija akèh èmperé karo gambar ikoe.

15. Amané wit krambil.

Takbedèk kowé mesti wis weroeh kéwan sing arep taktjritakaké iki; gedéné wetara saponggé, roepané



sawo mateng, meleng-meleng kaja beling. Ing endase ana soengoené njrapang kaja eriné kembang mawar, sikile nenem. Jèn digegem, mengkang-mengkang ora gelem, koedoe metoe baé. Menjang tangan rada lara, sabab sikilé ana eriné,

ngrèndèt-nggrèndèt. Djenengé *kwangwoeng* oetawa *wangwoeng*.

Apa kowé wis taoe namataké elaré? Pira elaré? Papat; ija apa ora? Sing ana ing djaba loro, roepané sawo mateng, sarta woeléd akandel, dadi toetoepe elar loro sing ana ing djeroné. Sing ana ing djero tipis ngramjang, kena dilem-

pit-lempit. Ikoe sing pantjèn dienggo miber. Dadi kaja déné ampal lan katimoemoel.

Jèn awan ndjintel ana ing poetjoeking wit krambil; moeng jèn soré oetawa bengi baé miber saparan-paran. Olèhé ndjintel ikoe nganggo ngrikiti blarak. Tjangkémé rosa banget; sikilé sing dianggo mitoeloengi jèn memangan, ikoe ija koewat. Apa manèh jèn olèh djanoer sing doeroeng mekar. Jèn djanoer maoe mekar, katon krèwèk kabèh. Sing sok ndadèkaké bilainé wit krambil, jèn pondohé katoet dipangan; bandjoer ora bisa modot-modot; lawas-lawas mati. Pantjèné ija ora mèmper, wong wit semono gedéné kok mati moeng djalaran

digoena-gawé marang kéwan sing semono tjiliké. Nanging wong wis mèh mratah, apesé samoebarang sing gedé sing koewat ikoe, jèn moengsoeh karo sing tjilik-tjilik mengkono ikoe.

Kwangwoeng ikoe kerep baé manggon ana ing pondohé wit krambil. Ana ing kono bandjoer ngénak-énak kaja prijaji gedé sing ora doewé pagawéan; gawéné moeng mangan karo toeroe. Sing wadon bandjoer ngendog; ananging olèhé ngendog ora ana ing kono, ana ing tlétongan oetawa ana ing kekajon kang wis bosok; sabab weroeh, jèn anaké sing bakal netes, panganané ora kaja wong toewané. Jèn wis sawetara dina, endog maoe bandjoer netes, metoe anaké. Dapoéré



gèsèh karo bapa bijoengé, roepané kaja oeler, nanging poetih, tjilik-tjilik; ana swiwiné sarta ora ana matané. Jèn mata, pantjèn ora perloe doewé, sabab ora kanggo; panggonané peteng ana sadjroning lemah oetawa sadjroning kajoe-kajoe sing growong. Moeng tjangkemé sing nggegirisi. Jèn wis sawetara minggoe oemoéré, bandjoer dadi lemoe aginoek-ginoek; dawané wetara 7 cM.; bandjoer gawé tjlowokan dienggoni, kanggo

ngentoeng. Jèn wis toetoeg mangsa kalané, bandjoer salin roepa dadi kwangwoeng. Dadi wiwitané endog, bandjoer dadi emboeg-emboegan; bandjoer ngentoeng; wekasané dadi kwangwoeng.

Emboeg-emboegan ikoe ora gawé pitoena marang manoengsa. Panganané moeng tlétong baé oetawa bosokan kajoe; nanging kwangwoengé kerep gawé roesaking tandoeran krambil. Moelané sabisa-bisa sake-tjandaké betjik dipatèni. Emboeg-emboegé ja betjik dipatèni pisan, sabab bisa dadi kwangwoeng sarta bandjoer bisa ngendog. Moeng émané, kwangwoeng ikoe jèn awan ora gelem miber, dadi angèl olèhé njekel. Botjah-botjah sing baoed mènèk, mestiné ija bisa marani panggonané kwangwoeng ana ing poetjoeking wit krambil. Jèn akèh sing gelem nggolèki kwangwoeng menjang sadjroning pondoh, wit krambil mesti bisa loewar saka satroené sing mbebajani.



16. Moela boekané ana pari.

Katjrita ing djaman koena Beṭara Goeroe karsa nitahaké Widadari, kaparingan nama Retna Doemilah. Bareng Retna Doemilah wis diwasa, saka karsané Beṭara Goeroe arep dipoendoet garwa. Retna Doemilah ija gelem dipoendoet garwa, ananging doewé panoewoen 3 prekara:

1. Njoewoen pangan, kang ora mboseni ing selawas-lawasé;
2. Njoewoen panganggo kang ora kena ing roesak;
3. Njoewoen gamelan serantjak, kang bisa moeni déwé.

Bareng Beṭara Goeroe tanpa pepanggilé Retna Doemilah kang mengkono ikoe, banget kawekèn ing galih. Moelané bandjoer oetoesan Kala Goemarang toemoeroen marang Martjapada, golèk kang dadi panoewoené Retna Doemilah.

Ana ing Martjapada Kala Goemarang dilalah weroeh dèwi Sri, garwané Baṭara Wisnoe. Kala Goemarang salah gawé, kerep ndjawat marang Dèwi Sri; moelané Dèwi Sri banget sekelé ing penggalih. Djalaran saka ikoe Kala Goemarang disotaké malih dadi tjèlèng. Pangarep-arepé Beṭara Goeroe marang tekané Kala Goemarang tanpa wasana. Moelané Retna Doemilah bandjoer didawoehi: gelem ora gelem meksa arep dipoendoet garwa. Retna Doemilah poegoeh enggoné mopo, bandjoer nganjoet toewoeh. Mitoeroet remboegé para déwa ing Soeralaja lajoné Retna Doemilah dipetak ana ing negara Mendang-Kamoelan; djenengé dielih Dèwi Tisna-Wati. Praboe Makoekoewan, ratoe ing

Mendang-Kamoelan, kapatah roemeksa pasaréané Dèwi Tisna-Wati maoe.

Sang Praboe Makoekoewan ngéstokaké timbalané Beṭara Goeroe. Bareng tekan patang poeloeh dinané, Sang Praboe soemerep ing pasaréané Dèwi Tisna-Wati ana tjahja goemebjar; ing sadjroning tjahja ikoe ana ṭetoekoelané aèng. Sanalika Sang Praboe ngatoeri oeninga marang Beṭara Goeroe. Beṭara Goeroe bandjoer paring oeninga, jèn ṭetoekoelan ikoe kepan-djingan soekmané Dèwi Tisna-Wati; moelané koedoe diopèni sing betjik-betjik. Wiwit nalika ikoe saban-djoéré menoengsa bakal olèh pangan saka ing ṭetoekoelan maoe, mari mangan pametoening alas. Sirahé Dèwi Tisna-Wati dadi krambil, poeséré dadi pari, tangané dadi pala goemantoeng; déné sikilé dadi pala kapendem.

Praboe Makoekoewan ngéstokaké sadawoehé Beṭara Goeroe; ṭetoekoelan maoe diopèni betjik-betjik sarta diedoem marang kawoelané kabèh. Ana wong tani aran Djaka Poering karo Kjai Toewa, banget enggoné ngadji-adji marang ṭetoekoelan maoe; moelané nganti saiki isih paḍa dileloeri sarta diseboet bapa tani lan bijang tani.

Kala Goemarang senadjan wis dadi tjèlèng, éwadéné ora mari-mari enggoné arep ngroesoehi marang Dèwi Sri, ndadèkaké sekelé. Moelané Dèwi Sri bandjoer nenoewoen ing Déwa, moega-moega énggal dipoendoeta. Panoewoené kasembadan. Lajoné ija disarèkaké ing Mendang-Kamoelan. Bareng njandak patang poeloeh dinané, salirané Dèwi Sri ija ṭoekoel tandoerané kaja déné Dèwi Tisna-Wati. Ananging ana bédané; pari kang asalé saka salirané Dèwi Sri koedoe ditandoer

ana ing sawah; kang saka Dèwi Tisna-Wati ana ing tegal oetawa pegagan.

Kala Goemarang weroeh Dèwi Sri séda, ora kendo karepé, malah sangsaja ngandja-andja atiné. Moelané bandjoer arep ngroesak tandoeran pari; ananging bandjoer dipatèni marang Bèlara Wisnoe, ditoembak ing granggang. Kala Goemarang, senadjan wis mati, enggoné ngroesoehi tandoeran ora mari-mari. Bangkéné metoe kéwané roepa-roepa, dadi ama warna-warna.

Mengkono oega anak-anaké Poetoet Djantaka ija pada dadi satroening pari, kerep pada ngroesak pesawahan asipat gadjah, warak, kidang, mendjangan, ketèk, tikoes sapanoenggalané, pada dikepalani Kala Goemarang; banget ndadèkaké ing gemesé Djaka Poering lan Kjai Toewa. Sang Praboe Makoekoewan karsa tetoeloeng njirnakaké ama-ama maoe. Kang mengkono ikoe ija kelakon; moeng kebo lan sapi pada ditawan, ora dipatèni, didadèkaké batoéré wong tani.


Wiwit ing nalika semana tandoeran pari bisa slamet, toekoelé soeboer, lawas-lawas bandjoer sangsaja ngreda.

Wasana Dèwi Sri bandjoer nitis marang Pramèsuari ing Mendang-Kamoelan. Bèlara Wisnoe nitis marang Praboe Makoekoewan. Djalaran saka ikoe Praboe Makoekoewan sagarwané pada saged paring piwoelang marang kawoelané ing bab pangoepa-karané pari. Mengkono oega ing bab lakoe-lakoené wong panèn sarta slametané, soepaja toeloesa tandoerané pari. Ija ikoe moela-boekané ana pari, sarta moela-boekané slametané wong nandoer pari, kang toemindak nganti ing djaman saiki, enggoné pada memoelé marang Dèwi Sri.

17. Wong leloengan ing djaman bijèn.

Ana prijaji wis toewa noenggang sepoer bebarengan karo botjah nonoman teloe. Sidji djenengé Soeprapta, sidji Arsana, sidjiné Soembaga. Prijaji maoe sok ngantoe, terkadang ija toeroe barang, karo linggih baé. Bareng wis soewé olèhé toeroe bandjoer ngililir karo moelèt sarta tjelaṭoe: „Ah, saiki iki, jèn leloengan kok kepénak temen; karo toeroe waé bisa tekan ngenggon.” Soeprapta njamboengi: „Roemijin poenapa boten mekaten?” Prijaji mangsoeli: „Ora; bijèn doeroeng ana sepoer, doeroeng ana trèm. Djaréné, wong leloengan djaman koena, rekasa banget. Dalan-dalan presasat doeroeng ana; moeng sing tjedak-tjedak kraton ana dalané sing rada betjik; nanging ja ora betjik kaja saiki. Wong dagang lan bakoel-bakoel, jèn arep menjang negara, metoe dalan tjilik, moeng sedeng wong sidji. Dagangané digéndong oetawa dipikoel; ana sing diemot ing djaran; sing diemot tjikar arang-arang. Wongé pada mlakoe darat barengan akèh karo nggawa gaman: toembak, keris, pedang; sabab sadalan-dalan bégal pirang-pirang. Boeron galak, kaja ta: matjan, tjélèng, asoe adjag, asoe kikik, ora koerang. Wong-wong wadon oetawa botjah-botjah arang-arang sing leloengan adoh; jèn preloe leloengan, ja noenggang djaran oetawa kremoen oetawa tandoe. Ana manèh sing soegih banget, noenggang grobag oetawa pedati, oetawa kréta; ora ana piré kaja toenggangan djaman saiki; roḍané kajoe woetoechan baé; dadi jèn ditoenggangi djlag-djloeg, lara kabèh menjang awak. Dèk djaman Madjapait ja wis ana kréta, djenengé gerbong; koewi toenggangané para poetri, jèn ndèrèk

tjangkrama oetawa mbebedag menjang alas. Gerbong koewi dèk djaman koena wis dianggep betjik banget, arang-arang sing doewé. Ana lajang Djawa koena sing njeboetaké, jèn poetri Tjempa, nalikané krama olèh ratoe ing Madjapait, gawané: gong, pedati karo gerbong. Para poetri ija sok nitih djoli; sing nggotong nganti wong 16. Djoli ikoe roepané kaja omah-omahan



tjilik; saiki sok dianggo pola batikan, djenengé „semèn djolèn.”

Djaman saiki, jèn wong leloengan moenggah goenoeng, ija sok noenggang tandoe; sing digawé moeng „koersi males” waé, diwènèhi slagangan pring, dipikoel oewong.

Arsana takon: „La jèn ngambah seganten menapa inggih rekaos, ing djaman kina menika?”

Prijaji mangsoeli: „Ora kajaa!” Dèk bijèn doeroeng ana kapal api; badjagé waé pirang-pirang. Praoené

tjilik-tjilik nanging rikat; jèn ana praoe dagang liwat, bandjoer dibégal. Jèn mlajoe, ditoetoeti; mèh mesti ketjandaké. Saiki ing segara tjedak-tjedak kéné ija isih sok ana badjag; apa manèh tjedak-tjedak Madoera kana; malah nganti misoewoer: badjag Sampang. Nanging Kangdjeng Goepermèn saiki adjeg olèhé ndjaga segara. Jèn ana praoe badjag kemlébat, bandjoer dibledig; mèh ora taoe loepoet, sabab praoe Goepermèn sing ndjaga koewi, rikat-rikat banget.

Saikiné jèn wong leloengan ngambah segara kepénak banget; mestiné kowé ja wis kroengoe kabaré saka lajang watjan ing sekolahan. Toenggangané kapal api, mèh ora ana sambé-kalané, oembalané moerah. Déné panggonané toeroe oetawa ngaso, lan pangané, jèn ditimbang karo praoe-praoe djaman bijèn, doedoe-doedoe katjèké."

Arsana takon: „La tanah Djawi ngriki, samenika kok saged dados saé, menika kados poendi wiwit-wiwitanipoen?"

Prijaji mangsoeli: „Mengkéné: Barang-barang dagangan, bisané gampang penggawané menjang tanah-tanah sing adoh saka segara, koedoe ana dalané sing betjik. Dadi preloe digawèkaké ratan. Jèn penggawané gampang, regané bisa moerah. Moelané dèk satoes taoen sepréné, Kangdjeng Toewan Besar Daendels jasa ratan dawa banget, saka Tjaringin ndjoedjoer tanah Djawa nganti tekan Banjoewangi. Ana simpangané pirang-pirang, dianggo lakoené kréta pos. Saben let 4 oetawa 5 pal ana posé; ana djarané 4 oetawa 6 oetawa 8 dianggo noenda djaran sing nglakokaké kréta pos; krétané pos ija sok ana. Kréta pos koewi, sing noenggangi toewan-toewan, prijajiné Kangdjeng

Goepermèn, oetawa prijaji Djawa oetawa bangsa patikelir. Déné jèn ngliwati goenoeng, tekan ing oenggah-oenggahan sing ndeder, ija disedijani kebo, kanggo nggèrèd kréta koewi. Jèn noenggang kréta pos, ndjoedjoer tanah Djawa, bisa tekan sadjroné 6 oetawa



7 dina. Mangka sadoeroengé ana prenatal mengkono, nganti lakon 10 dina.

Kedjaba ratan koewi, ana manèh kreteg-kreteg pirang-pirang sing digawé. Dadi lakoené wong oetawa toenggangan, senadjan kaliné bandjir, ija bisa bandjoer baé.

Djaman saiki saben koeta akèh toenggangan. Landa, Djawa pada bisa noenggang; doewit setali waé wis kena dianggo moebeng-moebeng. Jèn ing Betawi,

dokar koewi djenengé *sado*; kréta séwan: *ébro*. Jèn Sala oetawa Ngajodja, kréta séwan djenengé *andong*; jèn Soerabaja: *kosong*. Bijèn akoe wis taoe menjang Betawi, menjang Soerabaja; wah, toenggangan pating sliri, pating sriwet, nganti bingoeng akoe.

Toenggangan-toenggangan sing mengkono koewi kabèh, jèn ditimbang karo dèk djaman bijèn, wis betjik banget; nanging sing betjik déwé, jèn djaman saiki, ija moeng spoer; bisa amot wong pirang-pirang èwoe, barang-barang pirang-pirang kojan. Nanging jèn prakara sepoer, ora akèh soemoeroepkoe. Mestiné kangmasmoe, Dèn Soembaga akèh kawroehé; sabab wis sinaoe ana ing pamoelangan. Rak inggih, ta, Dèn?"

18. Wong leloengan ing djaman saiki.

Soeprapta bandjoer tjelaŕoe: „Ija mas, mestiné akèh weroehmoe. Prijé ta, sepoer koewi?"

Soembaga mangsoeli: „Akoe ija weroeh setitik-setitik, ora akèh; pengrasamoe akoe iki apa pinter banget mana? Mengkéné kandané goeroekoe:

Ing kapoeloan Indi kéné, wiwité ana sepoer, sapréne lagi 50 taoen koerang loewih; saben-saben moendak; nganti sepréné isih moendak-moendak waé. Negara sing ndelik-ndelik, saiki wis akèh sing ana sepoéré oetawa trémé. Wowohan wetoéné pedésan oetawa negara, dèk bijèn ora bisa pajoe, marga ora bisa mboewang, nganti pada bosok. Bareng wis ana sepoer, bandjoer dikirimaké menjang endi-endi, bisa laris, pajoe akèh. Mengkono oega iwak segara sing dikirimaké ésoek saka tanah pesisir, jèn diemot sepoer, soréné



bisa tekan negara sing adoh saka pesisir. Jèn saka Semarang, soréné bisa tekan Ngajodja, Soerakarta, Magelang, ora boetoek. Jèn saka Soerabaja, menjang Madioen, Kediri, Ponorogo, Toeloeng-Agoeng.

Sepoer kowi, jèn ing tanah Djawa, sing disik déwé saka Semarang menjang Tanggoeng. Ora lawas dibandjoeraké tekan Sala, bandjoer tekan Ngajodja pisan. Let setaoen rong taoen bandjoer ana sepoer saka Betawi menjang Bogor. Saikiné ngendi-endi wis ana sepoer. Saka Betawi menjang Soerabaja, jèn noenggang sepoer bisa tekan rong dina. La jèn noenggang dokar, ja pirang-pirang dina.


Olèhé masang ril dalan sepoer koewi ora gampang; ora kena kok bandjoer dipasang waé téplak-tèplek ana tengah sawah oetawa tengah alas. Jèn lemahé èndèk, dioeroeg disik nganti mingklik-mingklik. Jèn doewoer digempoer. Sing nggarap wong pirang-pirang atoes, pirang-pirang èwoe, nganti sasèn-sasèn oetawa taoenan.




Jèn nradjang goenoeng, goenoengé ditrowong; nrowong koewi rekasa banget. Iki mengko ija ngliwati trowongan. Jèn nrowong goenoeng, olèhé miwiti saka kiwa tengen. Iba ta angèlé olèhé ngira-ira, moerih trowongané bisa kentjeng, bisa gaṭoek, ṭoek, ora ménggak-ménggok. Penggawéné kreteg sing ana ndoewoeré djoerang oetawa kali, ikoe ija doedoe penggawéan baèn-baèn. Jèn akoe kowé, ora bisa ndoega-ndoega keprijé rékané; bisané rampoeng babar pisan, kenané diambah sepoer, ija nganti lawas olèhé nggarap. Terkadang ana lemahé sing longsor; lemah oeroegan anjar mlorod menjang djoerang sing tjeroeng; bandjoer dioeroeg manèh kaja dèk wiwitan.”

Soeprapta takon: „Koewi kabèh akoe isih njandak pikirakoe; bareng djaré ana sepoer sing bisa mènèk, moenggah goenoeng, koewi akoe djoedeg. Gèk keprijé rékané?”

Soembaga mangsoeli: „O, koewi ora kok moenggah



goenoeng ndeder ngono. Ija bener moenggah, nanging ora kaja tjetjak mènèk témbok kaé; dalané sepoer digawé ménggak-ménggok, moebang-moebeng. Oenggah-oenggahané ora sepiraa; moeng waé dalané moendak dawa. Éwa déné ija ana sing rada banget moenggahé. Jèn tjantèlané kréta sing mboeri déwé pedot oepamané, koewi mbaliké banter banget lakoené; bisa ndadèkaké tjilakané wong-wong sing noenggang. Moelané moerih



adja nganti klakon mengkono, locomotief disèlèh ana ing mboeri, dadi njoeroeng.”

Soeprapta takon manèh; sabab kepéngin weroeh sing temenan: „Ija, locomotief disèlèh mboeri; la jèn locomotief déwé sing sepatoené toegel, keprijé; ha rak bisa mbalik; krétané kabèh katoet!”

Soembaga mangsoeli: „Sing mengkono koewi ija wis dikoewajani. Trèm sing saka Setjang menjang Bahrawa koewi ja ana sing moenggah rada banget; kono rilé teloe; sing tengah ana oenton-oentoné. Locomotief ija ana rodané gedé ana ing tengah, ija nganggo oenton-oenton, bisa plek karo oenton-oentoné



Pranti maboer ing doewoer poelo Djawa.

ril sing ana tengah ikoe maoe. Koewi gawéné wis kaja sepatoe; malah ngoengkoeli.

Dalan sepoer koewi, jèn tiba ing énggok-énggokan, pinggiré dipasang tjagakan, ana palangé. Apa manèh ing halte oetawa setatsijoen ija ana tjagaké mengkono koewi. Jèn palangané, tibané ing tjagak maoe malang bener, masinisé bandjoer ngerti, jèn sepoeré ora kena mlakoe mbandjoer; sepoeré ija koedoe diendegaké. Déné jèn soré, wis peteng, sing dianggo tenger: lentéra; belingé ana sing abang, ana sing idjo. Dadi masinis koewi, sasoewéné nglakokaké sepoer, roepa-roepa sing koedoe diawasaké; ora kena disambi ngénak-énak. Jèn sembrana, bisa gawé tjilakané wong pirang-pirang.

Sepoer karo trèm koewi rilé ngendi-endi pada waé ambané. Dadi jèn ana kréta amot barang saka ngetrèm, arep dibandjoeraké metoe sepoer, ora soesah dielihi. Krétané momotan koewi waé diwetokaké ing dalan sepoer, ija plek waé. Moeng sepoer N. I. S. (Ngajodja-Sala-Semarang), dalané amba, gèsèh karo sepoer lija-lijané.

Djaman saiki isih ana manèh toenggangan sing loewih déning rikat. Akoe matja ana ing lajang kabar, djaréné ing tanah Duitschland, lakoené penggawéan negara koewi ana sing ngambah awang-awang; toenggangané kaja praoe, nanging bisa maboer. Sing noenggang manggon ana ing omah-omahan tjilik gemandoel ana sangisoré balon. Lakoené bablas waé, ora predoeli apa-apa, sabab lakoené ana ing awang-awang; dadi alas, koeta-koeta, kali, telaga, koewi kabèh ana ngisoré, ora preloe masang kreteg oetawa ngoeroeg dalan kaja sepoer iki. Wis lakoené rikat, nganggo bisa ngentjeng waé; dadi tekané ngenggon ija rikat banget."

Malah saikiné ana pranti doedoe aroepa balon,

maboer kaja manoeck, ananging swiwiné ora kekedjer, ora koemebet; let sepoeloeh dina tjoekoepp saka Éropa menjang tanah Djawa kéné.

19. Mbok Sijah matiné ketiban oeleg-oeleg.

Mara bedèken tjangkrimankoe ing doewoer ikoe! Wong Djawa tisna banget marang mbok sijah.

Saiki sing arep takremboeg moeng saprekara: *oejah*.

Ora moeng wong Djawa déwé sing tisna marang *oejah*. Djandji sipat menoengsa, mesti boetoe marang *oejah*. Jèn olah-olahan ora nganggo *oejah* mesti tjemplang, ora énak. Jèn oewong kontjatan *oejah* sawetara dina, awaké mesti krasa loengkrah.

Apa kowé weroeh, *oejah* ikoe pinangkané saka ing ngendi? Mestiné kowé ija wis kroengoe kabaré, jèn *oejah* ikoe sing digawé banjoe segara. Banjoe segara ikoe roepané kaja loemrahé banjoe waé; éwasemono ora kena diombé, sabab rasané asin banget semoe pait toer leteng; sabab banjoe segara ikoe pantjèn ana *oejahé*. Jèn banjoe segara satoes timba digodog, diesataké, bandjoer ana intipé kang aroepa *oejah* wetara 2 oetawa 3 timba. La *oejah* sing ana ing segara ikoe pinangkané saka ngendi? Prekara ikoe ing bésoek kowé takkandani. Saiki akoe arep kanda bab penggawéné *oejah* baé. Maoe kowé wis takkandani; banjoe segara jèn digodog nganti asat, bandjoer ngintip; intipé ikoe *oejah*. Nanging jèn gawé *oejah* sarana digenèni meng-kono, méndah kèhé wragadé. *Oejah* rak dadi larang; jèn diedol moerah, sing gawé *oejah* mesti toena. Dadi olèhé nggaota ora bisa olèh pengoeipan.



Ing Madoera, sanding pinggiré segara. digawèkaké bloembangan amba-amba, nanging tjetèk. Jèn segara mbeneri rob, banjoené mili menjang bloembangan, noeli dalané ditoetoep, dadi jèn segara sob, banjoené ora mèloe bali, kari ana ing bloembangan kono. Sarèhné kepanasan saben dina bandjoer ngoekoes; soewé-soewé asat. Oejahé kari ana ing dasaring bloembangan, didjoepoeki wong-wong ing kono, diedol marang Kangdjeng Goepermèn.

Apa preloené déné bloembangan ikoe digawé tjetèk mengkono? Preloené soepaja loemahé banjoe djembar, sabab sing ngoekoes ikoe moeng ing doewoer baé. Dadi sangsaja djembar loemahé, pangoekeesé sangsaja rikat.

Banjoe pada kèhé, disèlèh ana ing gelas, karo ana ing piring, mesti énggal asat sing ana ing piring.



Prekara ikoe kowé mestiné ija wis pada nitèni. Mengkono oega djarit sing mentas dikoembah, moerih énggalé garing, ija didjèrèng ana ing gèntèr, ora dioembroek-oembroekaké baé.

Oejah-oejah olèhé noesoeki saka ing bloembangan maoe, diekoem manèh ana ing banjoe, karebèn adjoe; bandjoer diresiki nganti poetih, roepané woekon-woekon, bandjoer dikirimaké menjang endi-endi, diedol. Ana sing dipipit, ditjiti kaja bata; sabata boboté sekati. Ing tanah Goepmènan, ing tanah Djawa, oejahé oejah bata kabèh.

Jèn wong pesisir kidoel ing Ngajogjakarta, pengga-wéné oejah mengkéné: Jèn segara pinoedjoe sob, wong-wong wira-wiri ndjoepoek banjoe segara, dipikoeli nganggo oepih, disiramaké ing wedèn. Wediné sadoeroengé disirami banjoe segara, dirata disik, ambané

wetara salatar. Olèhé njirami maoe nganti werata; bandjoer disirami manèh arambah-rambah. Wediné bisa garing déwé, awit saka panasing srengéngé; ora nganggo digenèni ora barang. Ikoe wediné bandjoer kaja keboentel ing oejah kabèh; wedi maoe sing doewoer déwé bandjoer dikloempoekaké nganggo sorok, noeli diwadahi ing koekoesan. Déné koekoesané didjagragi kajoe èlèk-èlèkan baé. Sangisoré koekoesan ana djem-



bangané kotong. Jèn koekoesan maoe woes kebak wedi, bandjoer disoki banjoe segara. Oejah sing mblebed wedi maoe bandjoer adjoer, katoet ing banjoe, rembes toemiba ing djembangan. Olèhé ngesoki banjoe ikoe rambah-rambah, nganti oejahé katoet kabèh, kleboe ing djembangan. Banjoe sing ngloempoek ana ing djembangan ikoe dadi akèh banget oejahé. Noeli digawa moelih, digodog ana ing kwali gedé-gedé. Pawon sidji terkadang ditrapi kwali teloe oetawa

papat. Panggodogé maoe nganti asat; oejahé kari ana ing kwali, roepané poetih memplak kaja goela pasir, arané oejah tamper. Oejah kang mengkono ikoe jèn ing Ngajodja, bijèn ija kena diedol menjang pasar. Saiki wong ing kono wis ora kena gawé oejah manèh.

Ing tanah Malaka rékané wong gawé oejah sédjé manèh. Wong-wong ing kono, sing gawé oejah, pada ndjoepoeki kajoe sing ana ing segara. Kajoe maoe jèn wis garing, bandjoer diobong; awoené bandjoer digroedjoeg banjoe nganggo disaring; dadi oejahé sing ana ing kono adjoer, katoet banjoe. Banjoené bandjoer digodog nganti asat, moeng kari oejahé baé.

Ing tanah Éropa oejah ikoe sing digawé ija banjoe segara. Ana oega oejah ing kana kang pandjoepoeké saka ing sadjroning lemah, sarana didoedoeuk djero banget. Pegawéan ikoe arané melik.

Oejah ikoe paédahé ora moeng dianggo mboemboni olah-olahan waé, ija ana paédahé lijané manéh; kaja ta kanggo ngoejah i wak, karebèn kena diroemati lawas.

20. Wangoené tjoemboe, djeboel kesit temen.

Ing sawidjining dina si Soekanta noenggoni ambengan. Bapakné arep bantjakan. Sing ngepoeng moeng wong sing toenggal saomah baé. Saben-saben panganané diroeboeng laler; digoesah tansah bolabali baé. Atiné nganti pegel; tjelaŕoené: „Doebilah, laler iki. Wong digoesah kok pidjer bola-bali waé!” Bareng wis pada pepak, bapa bijoengé lan sedoeloer-sedoeloéré koepeng. Si Soekanta tjelaŕoe manèh: „Akoe gregeten temen menjang laler koewi. Tak goesah ping pirang-pirang, kok

bola-bali waé. Ketjandaka rak takremed-remed temenan. Karo matané kok awas temen, angger arep didekep, proeng! Sedéla engkas bali manèh; arep ditampèl, proeng! Ora dioendang ora barang kok bola-bali waé. Hara! Pengrasané rak kaja diolah-olahaké mana."

Bijoengé njamboengi: „Wong laler waé kok koprodoeli; toгна waé rak oewis. Karo manèh kalong sepira, ta!"

Soekanta mangsoeli: „Oraa kalong kaé, akoe kok gregeten, olèhé mbesoer koewi, lo! Olèhé ngétjé-étjé oewong kok kegila-gila!"

Bapakné njamboengi: „Ah, pantjèn ija. Saploké tangga ngingoe djaran koewi lo, laler pantjèn pjoeng-pjoengan tekané!"

Soekanta ora ngerti marang goenemé bapakné, bandjoer takon: „Kados poendi, pak; kapal toemoet-toemoet poenapa?"

Bapakné mangsoeli: „Mengkéné: Laler ikoe jèn ngendog milih enggon sing reged-reged; mangka gedogan djaran ikoe wis mesti akèh tlétongé. Dadi laler ija seneng banget ngendog ana ing kono. Jèn ngendog setaoen ping pat, ping lima; sepisan-pisané atoesan. Jèn netes, dadi sèt; kesenangané manggon ana ing tlétongan. Emboeh, wis mengkono karsané kang nitahaké djagad. Ana sing ora betah tjedakan karo tlétong, djeboel ana sing seneng manggon ana sadjroning tlétong. Jèn oewong dikon manggon ana ing sadjroning tlétong mengkono, adja sing dinanan, sasèn-sasèn, la mbok sadjam rong djam waé ja wis bloekékan.

Mestiné kowé wis pada weroeh esèt. Ora ana sikilé, ora doewé elar kaja laler. Moeng oegat-oeget waé; bisa-bisané moeng metjoetat, rada adoh. Roepané

nggegilani. Jèn lagi netes, gedéné moeng sak menir. Jèn wis sawetara dina, bandjoer moendak gedé lan moendak dawa, wetara sakakangé beras. Sing dipangan apa? Ija tlétong sing dienggoni ikoe. Dadi olèhé ora doewé sikil oetawa elar ikoe ora ndadèkaké soesahé. Kiwa-tengen, ngisor-ndoewoer, wis pepanganan tok waè; ora soesah kloejoeran mrana-mrana."

Soekanta njelani: „Tobat, la jèn ngaten rak djember sanget, laler menika. Alit manggèn wonten ing tlétong, ageng péntjokanipoen tlétong; ladjeng pindah-pindah dateng tetedan warni-warni! Sekedik-sekedik soekoenipoen poenika rak inggih goepak tlétong! Dados sampoen lajak kémawon anggèn koela gregeten poenika."



Bapakné mangsoeli: „Pantjèn ija djember; nanging taktoetoeigné disik olèhkoe kanda. Roepané esèt ikoe, bongkot poetjoeké lantjip, ora ana sikilé, ora ana laré, ora ana apa-apané;



moeng ana tjangkémé waé tjilik banget. Jèn wis sawetara lawasé olèhé oerip ngénak-énak mengkono ikoe, bandjoer ngentoeng. Jèn moenggoeha oewong, tapa; koewi meneng waé, ora obah, ora osik, wis kaja mati, nganti sawetara dina. Noeli mloengsoengi, ninggal panggonané lawas, ngrasoek badan laler, ana sikilé lan ana elaré. Bandjoer bisa ngajoech ing gagana kaja Radèn Gaṭoetkatja. Karo manèh doewé tlalé kanggo nesep pangané. Dojanané, sing legi-legi oetawa sing batjin-batjin."

Soekanta njelani: „Ah, koela kok gigoe!"

Bapakné mangsoeli: „Ija pantjèn nggigoni; nanging wong angèl banget, olèhé ngedohaké keprijé, ta? Karo manèh jèn wis woedjoed laler ikoe roepané ora nggigoni; sikilé nenem kaja semoet lan rajap. Sikilé ikoe ing saboboté ija koewat toer kengkeng. Wangoené jèn dianggo mlakoe ora bakal lémpoh. Soewiwiné oetawa elaré loro, kelar djoendjoeng lan nggawa awaké ing sakarepé. Mara tamatna, ta; koewi lo ana laler. Sikilé koewi ana woeloené lemboet-lemboet lan ana ros-rosané. Poetjoeké rada ndjebèr setitik; ikoe kena dienggo méntjok ing saenggon-enggon. Ana ing pengilon oetawa ing katja ija bisa méntjok lan bisa mlakoe gampang waé, ora koewatir keplèsèd. Jèn mlakoe djlalat-djlalat, sadjak ngéwak-éwakaké, kaja Radèn Tjitraksi. Sikilé sing katon koewi, sing sidji sikil ngarep, sidjiné sikil tengah, sidjiné sikil mboeri. Ing kanané ija ana sikilé mengkono; dadi sikilé teloeng pasang."



Maoe-maoené si Soekanta ora taoe mikir marang awaking laler. Bareng dikandani bapakné mengkono ikoe, dawa-dawa pami-kiré. Wasana bandjoer gawok banget marang pangoe-

wasané Pangéran kang nitahaké. Samoebarang titahé, jèn dipikir temenan, mesti agawé éram. Soekanta lagi deleg-deleg mikir-mikir, koewoewoehan bapakné njaritakaké matané laler; gedéné ora madjad karo awaké; moelané awasé ngébatébat. Soekanta sangsaja goemoen, lan sangsaja moendak pangertiné.

Bapakné mbandjoeraké kanda: „Kowé wis weroeh jèn laler ikoe roepa-roepa, ora moeng saroepa waé. Ana sing gedé, roepané idjo gilap, djenengé laler idjo oetawa laler wilis. Koewi jèn ngendog senengané ana ing daging oetawa ing pekiwan, ora ana ing tlétongan. Panggonané ikoe ija dadi panging anaké jèn wis netes. Ana manèh laler sing pangendogé ana ing koelité kéwan sing isih oerip, kaja ta ing koeliting djaran, kebo, wedoes sapanoenggalané. Jèn wis netes, anaké bandjoer ngoereki koelit, olèhé ngentoeng ija ana ing kono. Kéwan sing dienggoni ikoe; wis mesti waé gregeten lan ora seneng; nanging si laler ora predoeli.”

Botjah-botjah maoe pada ndongong olèhé ngroengokaké. Embokné Soekanta bandjoer tjelatoe: „Wis, lé, panganané pada panganan, entèkna. Mengko laleré selak teka manèh pirang-pirang.” Botjah-botjah énggal toemandang mangani panganan lan ngombé setroep kanti boengah-boengah. Bapa bijoengé mèloe boengah. Bandjoer boebaran.

21. Madjoe.

I.

Bijèn ing désa-désa oetawa ing pekampoengan, jèn ana wong arep mbedol omah oetawa ngedegaké omah tjilik-tjilikan baé, wong maoe bandjoer njambat marang tangga teparoné.

Wong sambatan maoe ora nganggo diopahi, moeng diingoni baé sapantesé. Kang mengkono ikoe agawé majaring wong sing doewé perloe. Sarèhné lakoe mengkono ikoe genténan, ija ora ana sing ngresoela, malah olèhé njamboet gawé katon sengkoed. Jèn mbeneri ngoendjoekaké empjak, swarané wong pating brengok. Karepé pada ngélikaké oetawa noetoeri kantja-kantjané kang pada barengan njamboet gawé ikoe. Sarèhné olèhé njoewara ikoe bebarengan, dadi ija presasat tanpa gawé, sabab sawidji-widjining wong moeng kroengoe swarané déwé baé. Ananging sarèhné wis koelina mengkono, kok ija toemindak. Sedina baé omah wis bisa ngadeg, pajon wis broekoet. Terkadang gedègé ja wis akèh sing dietrapaké. Bisané rikat ikoe marga pegawèhané dibagé-bagé. Ana sing dipatah gawé toetoes, ana sing dipatah atrap pajon. Ana sing dipatah atrap gedèg lan sapanoenggalané. Kang mengkono ikoe ija kaja tjara-tjaraning wong omah-omah: ana sing boeboehané golèk pangan, ana sing dipatah olah-olah, ana sing dipatah resik-resik. Wong lanang golèk pangan, wong wadon ngopèni kajané wong lanang lan ngratengi pangan. Anak wadon ngréwangi bijoeng, anak lanang ngréwangi bapa. Jèn anak isih tjilik, sraboedan: lanang wadon ora adjeg pegawèhané. Sok ngréwangi bapa sok ngréwangi bijoeng,

moeng mitoeroet sakelaré baé. kaja ta golèk kajoe obong, ngirim menjang sawah, ngangsoe, njapoe, asah-asah piring lan sapanoenggalané.

Maoe wis takkandakaké, jèn tjarané ing désa oetawa pekampoengan ikoe kaja tjarané wong omah-omah. Jèn ana wong salah sidji sing nemoe kasoésahan, wong lija-lijané ija mèloe soesah. Jèn sing sidji nemoe pekéwoeh, lija-lijané mitoeloengi. Jèn sing sidji doewé gawé, sing lija-lijané tetoeloeng oetawa njoembang wragading doewé gawé maoe. Dadi agawé èntèng marang wong sing doewé gawé. Jèn ing désa arep digawèkaké dalan, bandjoer goegoer goenoeng. Kabèh pada toemandang. Mengkono oega jèn arep gawé wangan, dianggo dalan banjoe menjang sawah. Jèn gawé kreteg ija mengkono. Déné sing djaga oetawa nganglang ing wajah bengi ija digawé giliran; mengkono maoe kabèh moerih majaré. Dadi wong ikoe tansah toeloeng-tinoeloeng. Pantjèn mengkono lakoené ing donja iki. Kajata jèn wong arep noelis. Sing nggawèkaké pèn déwé; sing nggawèkaké mangsi déwé; sing nggawèkaké dloewang déwé; sing nggawèkaké médja, koersi oetawa klasa papaning noelis déwé.

Dadi pegawéan sing kaboten oetawa kangélan toemrap marang wong sidji, jèn digarap ing wong akèh, bisa majar.

Wong tani olèhé ngoepa-kara marang tetandoerané ija nganggo pitoeloengané tangga teparoné. Kaja ta jèn mbeneri tandoer oetawa ngenèni sawahé, ija nganggo njambat wong lija. Terkadang olèhé mloekoe ija disambataké, jèn sawahé amba. Njilih kebo sapiné kantjakantjané. Mengkono ikoe genténan. Jèn kekoerangan pari kanggo winih, ija bandjoer oetang marang

wong sing soegih pari; mbésoek jèn sawahé wis panèn, dibalèkaké.

Tjara kang mengkono ikoe saiki ija isih toemindak. Nanging sangsaja lawas sangsaja soeda, sabab saiki wong-wong wiwit krasa boetoech doewit. Dèk bijèn kasoegihané wong tani awoedjoed beras pari, oetawa radja-kaja; ora roepa doewit. Doewit ora pati diprelokaké, sabab ora pati kelakoe. Beras pariné ikoe wis tjoekoop kanggo njangga kaboetoechané kabèh, sabab kaboetoechané ora akèh. Pametoening palemahané ora preloe didol mrana-mrana, sabab kana-kana kaanané pada baé. Karo manèh ora diedol menjang tanah sabrang, sabab penggawané rekasa banget. Dalan-dalan doeroeng betjik kaja saiki; sepoer ija doeroeng ana. Déné penganggoné wong-wong dèk bijèn moeng batikan oetawa tenoenan ing tanah Djawa baé, doeroeng kepéngin menganggo barang-barang sing gawéan sabrang. Saikiné keprijé? Saikiné Tjina klontong oetawa odjogan pating sloendoep menjang désa-désa. Malah désa-désa sing ana ing poetjoeking goenoeng ija ditekani. Barang dagangan saka tanah sabrang tekané kaja disokaké, diemot ing praoe lan sepoer lan trèm. Barang-barang sing élok-élok pada diideraké menjang désa-désa, agawé kepénginé wong désa. Enggoné toekoe barang-barang maoe wis mesti baé ija nganggo doewit; oeroep-oeroepan wis ora toemindak. Karo manèh wong-wong pada mrelokaké toekoe rerengganing omah, kaja ta: pengilon, gambar-gambar lan sapanoenggalané. Gelang kaloeng gegawéan saka tanah sabrang ija agawé kepéngining wong-wong désa, sabab roepané apik-apik, toer regané moerah. Kedjaba ikoe wong tani ija wiwit kepéngin doewé médja koersi kaja

wong ing negara. Ikoe kang marakaké pada kepéngin tanpa doewit. Bisané tanpa doewit ija koedoe ngedol pametoening palemahané sawetara. Karo manèh ija marakaké soedaning sambat-sinambat kang tanpa opah. Dadi jèn boetoe baœ, ija bandjoer mboeroehaké.

Wong tani jèn adol pametoening palemahané sok ora doega-doega, kedemenen tanpa doewit. Doewité bandjoer sok dianggo oebral-oebralan: ditoekokaké apa-apa sing ora pati preloe. Ikoe sing mboebrahaké boetoe. Let sesasi rong sasi wis ngemoet dridji, ora bisa toekoe sandangan, ora bisa mbajari sekolahé anaké. Bandjoer bentajangan golèk doewit. Jèn wajahé njebar, ora doewé widji, loemboengé wis kojong blong. Bandjoer oetang-oetang dianggo toekoe widji oetawa dianggo mboeroehi wong sing nggarap sawahé. Jèn enggoné golèk doewit moeng olèh setitik, ora sedeng dianggo ngragadi sawahé. Sawahé digarap moeng saketjandaké baé; dadi pametoené soeda.

Moelané jèn ngedol beras pari adja dientèk-entèkaké; koedoe ngèngèh satjoekoe pé dipangan lan disandang nganti tekan panèn manèh. Wong nganggo doewit oetangan koewi, jèn ngoelihaké koedoe nganggo nganaki; mangka anakané sok abot. Terkadang wong oetang pari sedatjin baé, jèn njaoer koedoe rong datjin. Apa manèh jèn ngidjokaké sawah; tanpa doewit oetangan setitik baé, sawahé sok laroet kabèh. Ana manèh sing kebangeten. Sawahé diséwakaké oetawa digadèkaké kabèh, ora bisa nggarap setitik-titika; bandjoer kedjendelen.

Rékané wong arep olèh doewit, roepa-roepa. Ana sing nggadèkaké wit krambil. Wit krambil sidji digadèkaké karotengah roepijah oetawa rong roepijah.

Ikoe nganti pirang-pirang taoen, sing doewé ora bisa ngoendoeh-ngoendoeh, jèn doeroeng mbalèkaké doewit sing wis dienggo. Pantjèn wong oetang ikoe kerep agawé karoesakané awaké déwé oetawa anak bodjoné. Moelané adja sok goelang-goelang oetang. Sing sapa djadjal-djadjal oetang, lawas-lawas dadi koelina. Sing sapa demen oetang, wekasané mesti dadi tétékan.

Jèn kowé kepeksa oetang, pikiren disik kepriyé rékané olèhmoe arep njaoer; apa sing kodjagakaké. Adja ndjagakaké endogé si blorok.

22. Madjoe.

II.

Ing ngarep wis daktjritakaké, jèn wong boetoeh doewit, adaté ija bisa golèk oetangan. Nanging doewit oetangan ikoe ana anakané; mangka anakané sok ora mekakat kèhé. Nanging sarèhning kepèpèd, ija ditempoeh, ora étoeng pemboeriné bakal keroesakan. Preloené moeng njoekoe boetoehé ing sanalika ikoe, kajata dianggo nragadi sawahé. Wong sing ngoetangi maoe ana sing tegelan, ana sing ora. Sing tegelan ikoe wis ora sanak oewong, sanaké moeng doewit baé. Senadjan sing oetang olèhé njaoer oetawa nganaki nganti megap-megap, ija ora dipredoeli, djandji tanpa doewit baé. Wong kang tegelan mengkono ikoe ija pantjèn agawé tiwasé sepada-padané wong; nanging wong sing oetang, satemené ija aran kainan. Wong wis weroeh jèn ora doewé doewit, kok sok goemaib toekoe apa-apa sing pantjèné kena diendakaké. Wong sing mengkono ikoe ija ora patoet dipasrahi apa-apa.

Déné wong sing ngoetangi ikoe, sarèhné koewatir jèn kapitoenan, dadi olèhé ndjaloek anakan ja dikèhi baé.

Kang ikoe moelané adja sok oetang, jèn kira-kira bakal ora bisa njaoer. Tetoekoe apa-apa betjik kentjèng baé. Jèn ora doewé doewit, ija adja tetoekoe. Wong ikoe ora kena: jèn ndjagakaké panénan, mengko pariné gèk gaboeg! Wong-wong tani ija wis pada



weroeh, jèn wong oetang pari dianggo bibit, penjaoéré sok tikel tinimbang karo jèn kentjèng. Ewa semono kok isih pirang-pirang temen sing ora ngati-ati.

Mestiné ana sing batiné mengkéné: „Menging oetang ikoe gampang baé, angger oewong ija bisa.” Ora mengkono; ja pantjèn angèl wong njandet atiné, olèhé arep oetang; nanging jèn dioedi, ija bisa. Rékané mengkéné: jèn mbeneri doewé doewit, mangka kepéngin

toekoe barang sing ora pati preloe, koewi ditjandeta. Apa manèh jèn arep dianggo ropjan-ropjan, adja pisan-pisan ditoeroeti. Sabab jèn embèn boeri kekoerangan doewit, soesahé disangga déwé. Karo manèh jèn mbeneri panènan apa-apa, adja énggal-énggal diedol kabèh, sabab regané isih moerah; ngentènana jèn regané wis moendak. Jèn doewé karep apa-apa, ja ditjandeta disik.

Jèn lebar panèn djengglèng, pari bandjoer bjoek-bjoekan dioejangaké, regané mesti moerah banget. Sangsaja akèh sing ngoejangaké, regané sangsaja mlorod.

Jèn sasoewéné doeroeng panèn, boetoe doewit sawetara, ija betjik golèk oetangan sing anakané moerah-moerahan baé. Déné penjaoéré adja nganti lebar panèn plek; bisaa let rong sasi oetawa teloeng sasi karo panèn.

Olèhé golèk oetangan sing moerah anakané menjang endi? Menjang bank ing negara oetawa bank ing désa. Jèn ing désa ora ana bank, menjang loemboeng désa ija bisa. Mestiné kowé wis pada kroengoe kabaré, jèn Kangdjeng Goepermèn ngadegaké bank pirang-pirang. Preloené kanggo mitoeloengi wong tjilik sing pada boetoe doewit; anakané moerah. Déné bank maoe bisané olèh pawitan doewit sing dilakokaké ikoe saka oewong-oewong kang pada njélèngi doewit mrono; sing njélèngi ikoe ija olèh anakan setitik.

Sing nglakokaké bank ikoe koedoe dibajar. Bank maoe koedoe doewé tjélèngan déwé kanggo djaga-djaga jèn nemoe bilai oetawa dikemplang ing wong sing pada oetang. Moelané olèhé ndjaloek anakan, kèhé ngoengkoeli olèhé mènèhi anakan marang wong sing njélèngi. Karo manèh awit koedoe toekoe dloewang mangsi lan piranti lija-lijané kanggo kaboetoehané nglakokaké bank maoe.

Dadi genahé mengkéné:

1. Kaja ta jèn preloe dipangan ing mangsa larang pangan. Oetawa kanggo nragadi penggarapé sawah, lan sapanoenggalané.

2. Bank ing désa kanggo ndjagani bakoel tjilik-tjilik, soepaja adja oetang marang wong kang gawéné nglakokaké doewit. Sabab wong maoe jèn ndjaloek anakan, sok ora doega-doega; terkadang nganti 10% sedina.

3. Bank ing negara, preloené kanggo mitoeloengi wong sing boetoe doewit rada akèh. Kaja ta kanggo toekoe radja-kaja, kanggo njéwa lemah sing arep ditandoeri mbako oetawa teboe. Oetawa kanggo nragadi penggarapé palemahan maoe. Dadi wong tani preloe golèk-golèk oetangan marang wong kang nganakaké doewit. Karo manèh gawéné kanggo ngroemati doewité bank ing désa kang toemando. Déné bank ing negara-negara kang tjedak pesisir, mitoeloengi wong kang gawéné amèk iwak. Kanggo toekoe praoe oetawa pajang lan sapanoenggalané.

Ana manèh bank kang mitoeloengi para krija. kaja ta: pandé, toekang kajoe, toekang batoe, kemas, sajang lan sapanoenggalané.

Dadi adegé bank ing désa lan ing negara preloené kanggo mitoeloengi wong-wong, adja nganti mbajar anakan akèh-akèh. Karo manèh kanggo noentoeni marang lakoe gemi lan njèlèngi. Sabab jèn wong ora gelem njèlèngi, ija ora bisa madjoe-madjoe.

23. Wit arèn.

Apa ta preloené, wong-wong kok sok nandoer wit arèn? Jèn roepané mono ora apik ora barang, malah sok gawé wedi. Jèn ana pomahan sing ana wité arèn, wangoené kok bandjoer wingit! Panggonan ing sakiwa tengené bandjoer katon peteng kaya goewa. Éwadéné wong tani demen marang wit arèn, sabab akèh paédahé. Pametoéné ana sing kena dipangan, ana sing kena digawé dandanan. Moelané senadjan ala tanpa roepa, ija meksa ditisnani. Tjoba ajo ditjandra!



Oewité gedé doewoer mbloedjoed tanpa epang; dadi ora kaya wit asem oetawa wit djeroek. Godongé moeng ana ing poetjoek baé; roepané kaya blarak, nanging gedé-gedé sarta kandel-kandel. Déné papahé dawané ora mekakat; ana sing nganti 6 M. oetawa loewih. Moelané palemahan sing ana sakoebenging wit, bandjoer siroeng. Papah maoe ing bongkot nlakoep menjang oewit. Jèn godongé wis garing, bongkoting papah meksa isih ngamplok baé, ora bandjoer roentoeh kaya blarak; moelané wité katon pating krengkab. Katik nganggo ana edoéké barang; dadi sangsaja woewoeh grobohé. Doeké ikoe roepané ireng, kaya ramboet gimbal; dadi wis ora ana betjiké. Nanging manoengsa bisa ngepèk gawéné, sabab doek ikoe koewat, toer awèt, ora gampang mopolé. Kena digawé tali oetawa dardoeng; koewaté ija banget. Jèn ana wong adeg omah, oetawa nenalèni barang gedé tjilik, oetawa nggodi epring loro teloe dadi sidji, sing dianggo

ja milih dādoeng edoek. Senadjan rada kasar sawetara, nanging koewaté banget, toer moerah. Karo manèh edoek, jèn wis dadi dādoeng, ja kena dianam, digawé lèmèk oetawa kèsèd; dādoeng doek ija kena dianggo oeloer-oeloer timba. Doek ana sing diresiki, dipilih sing kakoe-kakoe, digawé sikat. Ing tanah kana-kana doek ikoe ija dianggo pajon omah barang.

Déné godongé sing wis garing kena digawé oeroeb-oeroeb ana ing pawon.

Arèn ikoe ija ana kembangé, nanging roepané ora betjik kaja kembang djowar oetawa kembang asem. Wong bangsaning wit krambil, kembangé ja kaja manggar oetawa majang; tjilik-tjilik nèmplèk ana ing gagang; gagangé dawa nglawèr; djenengé dangoe. Jèn ditamataké temenan, kembangé ikoe ana rong roepa; sing saroepa ora bakal dadi oewoh, panggonané ngloempoek dadi sagagang-sagagang. Koewi sing saben-saben diroeboeng ing tawon, digolèki madoené lan sariné. Déné kembangé sing saroepa manèh, bakal dadi oewoh; enggone ija ngloempoek-ngloempoek dadi sagagang-sagagang. Oewohé atos banget, ana isiné 2 oetawa 3; djenengé kolang-kaling. Kolang-kaling ikoe, jèn wajahé demegan, dioendoehi, didjoepoeki isiné, digawé tjéndol tjao oetawa dikolak; rasané kenjil-kenjil énak.

Wit arèn ikoe, jèn kembangé ndadi, mratandani, jèn panjeroté pangan saka sadjroning lemah akèh banget; bandjoer noemoesi marang kembang maoe. Kembangé bandjoer énggal dadi woh gedé-gedé. Ananging menoengsa ikoe akalé ana baé. Jèn ana arèn sing kembangé mengkono, tolèring dangoe bandjoer dipantjas. Doedoe oetawa banjoe sing pantjèn arep

dadi panging woh, bandjoer tètès deres banget. Ikoe ditadahi ing boemboeng, tjalon diombé oetawa digawé goela oetawa tjokak. Moenggoeh pandjoepoeké



banjoe kang mengkono ikoe arané ndèrès; déné banjoené aran legèn. Mestiné kowé wis akèh sing soemoeroep bab ikoe maoe.

Sarèhné wit arèn ikoe gedé pitoeloengé marang menoengsa, moelané menoengsa ja gedé panarimané marang wit arèn; diemi-emi lan dioepakara. Malah ana tanah-tanah, sing wongé pada ngira, jèn wit arèn ikoe ana sing mbaoe reksa. Moelané jèn arep didèrès, nganggo ditemboeng marang sing mbaoe reksa, nganggo slametan lan didokoki sadjèn barang, moerih lelemboet sing mbaoe reksa adja nganti moenasika.

Moenggoeh boemboeng sing dianggo nadahi legèn

ikoe, milih sing gedé lan sing dawa rosé; adaté sing dianggo: boemboeng pring petoeng oetawa pring ori sing gedé. Boemboeng maoe arané lodong.

Jèn legèn wis dioedoenaké saka ing dérésan, ana sing bandjoer diedol mentahan baé, ana sing diedol godogan, ana sing digawé goela; jèn wis dadi goela, arané goela arèn. Déné sing diedol mentahan, kena digawé tjokak oetawa diombé mengkono baé, rasané legi. Jèn sing wis digodog, ora kena digawé tjokak; nanging jèn diedol kena diwajokaké sawetara dina, sabab ora énggal mamboe. Jèn legèn diedol étjéran ana ing sapinggiring dalan, adaté diwadahi ing boemboeng tjilik-tjilik; pangedolé nganggo ditaker ing gelas oetawa tjidoek boemboeng kang aran tjanting.

Moenggoeh enggoné masang lodong ana ing dérésan ikoe ora lèrèn-lèrèn. Jèn pemasangé ésoek, pengoenðoehé soré; disalini boemboeng sédié. Ésoeké boemboeng sing disalinaké maoe dioenðoeh, disalini boemboeng sédjéné; mengkono ikoe bandjoer baé. Moerih legèn adja énggal ketjoet, kang sabab kesoewèn ana ing dérésan, boemboeng sadoeroengé dipasang, diisèni laroe. Kedjaba ikoe saben dina tolèring dangoe maoe dipègès setitik, karebèn adja mboenteti kang sabab rada garing. Dadi diarah bisaa tansah anjar pègèsané; iliné legèn bisa adjeg deresé. Lading sing dianggo ngiris oetawa magas maoe keleboe gedé; olèhé njengkelit nganggo diwrangkani, dadi ora gampang natoni awak. Karo manèh bisané moenðak bantjar marang ilining legèn, tolèr sing didèrès ikoe diðoetoe ki nganggo gandèn tjilik, karebèn empoe; dadi dalaning banjoe bisa lega.

Sawidji-widjining dangoe pendèrèsé nganti sesasi

rong sasi. Jèn legèné arep digawé goela, penggawéné sarana digodog. Jèn wis asat, sing kari moeng paṭiné oetawa tjandoené, aran goela arèn; rasané legi anglek, ora matoeki kaja goela teboe.


Terkadang legèn diombé digawé ombèn-ombèn aran toewak oetawa badèg; koewi ngendemi kaja déné djenèwer oetawa anggoer. Jèn wong Djawa, ora akèh sing karem ngombé badèg; pantjèn ja betjik meng-kono, sabab wong mendem ikoe ora patoet banget, toer agawé roesaking awak.

Paédahé arèn ora moeng ikoe baé. Kajoené atos banget, roepané ireng pating sloewat, betjik dianggo doran oetawa dandanan lijané. Ing djeroné kajoe ana atiné empoek, kena diepèk paṭiné, aran paṭi onggok; kena digawé djenang oetawa digawé tjéndol dawet, rasané énak.

Kedjaba ikoe sadané kena digawé sapoe sarta régé; papahé kena digawé gapiting soeri, piranti nenoen; godongé sing isih enom aran kawoeng, kena dianggo linting rokok. Kawoelé kena digawé empan-empané niṭikan; sroewané kena digawé kalam, piranti noelis Arab. Tjekaké wit arèn ikoe akèh banget paédahé. Apa ana sing isih kliwatan olèhkoe njeboetaké?

ISINÉ LAJANG.

	Katja.
1. Wong désa kang boesoek	3
2. Poelo kang koemambang	6
3. Oerip sadjroning banjoe	11
4. Iwak wéndra	14
5. Wit djati	17
6. Menjang Ngajogjakarta, I	22
7. Menjang Ngajogjakarta, II	24
8. Pentjaring widji	27
9. Satroené wong tani	31
10. Koelit kajoe diolah dadi tablet	35
11. Tjanði Prambanan, I	38
12. Tjanði Prambanan, II	42
13. Lara Djonggrang	49
14. Ala, nanging gedé paédahé	52
15. Amané wit krambil	57
16. Moela boekané ana pari	60
17. Wong leloengan ing djaman bijèn	63
18. Wong leloengan ing djaman saiki	67
19. mBok Sijah matiné ketiban oeleg-oeleg	74
20. Wangoené tjoemboe, djeboel kesit temen	78
21. Madjoe, I	83
22. Madjoe, II	87
23. Wit arèn	91



SERAT-SERAT ÉTANG ANGGITANIPOEN

P. DE NES.

- I. (OENTOEK GOEROE). Bilangan² 1-10.
- II. (OENTOEK GOEROE). Bilangan² 1-20.
- III. (OENTOEK GOEROE). Bilangan² 1-50. Memoelai² ber-²oeng angka. Kali² 1-5.
- III A. (OENTOEK MOERID²). Pekerdjaan dibatoetoelis terpoengoet dari III.
- IV. (OENTOEK GOEROE). Bilangan² 1-100. Meneroeskan ber-²hitoeng angka. Kali² 6-10. Angka Roemawi sampai C. Memoelai² menerangkan soal².
- IV A. (OENTOEK MOERID²). Pekerdjaan dibatoetoelis terpoengoet dari III.
- V. (KANGGO TJEKELANÉ GOEROE). Tjatjah² 1-500. Samboengan. *Petjahan loemrah* kang gampang². (ngGoenggoeng lan njoeda petjahan kang pada arané).
- VA. (KANGGO ÉTOENG ING SABAK). Kadjoepoek saka V.
- VI. (KANGGO TJEKELANÉ GOEROE). Tjatjah² 1-1000. Samboengan. Ngringkes petjahan loemrah; madakaké aran; nggoenggoeng lan njoeda petjahan kang ora toenggal aran; *petjahan prapoeloehan*. (ngGoenggoeng lan njoeda). Doewit kertas. Djam. Angka Roem nganti teka M. Oekoeran lan timbangan kang gampang.
- VI A. (KANGGO ÉTOENG ING SABAK). Kadjoepoek saka VI.
- VII. (KANGGO TJEKELANÉ GOEROE). Tjatjah² sadoewoéré 1000. Samboengan. Nangkar lan mara petjahan loemrah sarta prapoeloehan. Oekoeran lan timbangan lijané. Oekoeran djembar lan oekoeran isi. Procent.
- VII A. (KANGGO ÉTOENG ING SABAK). Kadjoepoek saka VII.
- VIII. (KANGGO TJEKELANÉ GOEROE). Étoengan warna².
- VIII A. (KANGGO ÉTOENG ING SABAK). Kadjoepoek saka VIII.